ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСЭЛЪЭ

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№55 (23.869) ● 2019 гъэм накъыгъэм (майм) и 16, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Бечелов И. Б. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэралыгъуэр зэтегъэувэнымкІэ бгъэдэлъ фІыщІэм папщІэ икІи законодательствэмрэ парламентаризмэмрэ зегъэужьыным куэд зэрыхищІыхьам къыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етын **Бечелов Ильяс Борис и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ

КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм накъыгъэм и 13-м
№39-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Законодательствэмрэ парламентаризмэмрэ зегъэужьыным куэд зэрыхащІыхьам папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын

Бэрэгъун Арсен Мухьэмэд и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Спортымрэ туризмэмкІэ и комитетым и унафэщІым

Макитов ТІалип Азнор и къуэм - «Форпост» жэуап зэхэгъэщхьэхукІа зыхь зэгъуфэныгъэм и генеральнэ директорым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламеным и депутатым

Шевченкэ Александр Василий и къуэм - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ бюджет еджапІэм къыздыхэлъ щыта унафэщІым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и юрист» цІэ рьаПІэр фІэщын

Вэрокъуэ Руслан Валерий и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Аппаратым и правовой управлением и унафэщІым и къуэдзэм - правовой экспертизэмкІэ къудамэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ

КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм накъыгъэм и 13-м
№40-УГ

Ухуэныгъэм пыщІа Іуэхухэм топсэлъыхь

Социальнэ мыхьэнэ зиІэ ухуэныгъэхэр нэгъэсэныным, фэтэр куэд хъу унэхэр капитальнэу зэгъэпэщыжыным ехьэлІа республикэ программэм хуэгъэзауэ къащтауэ щыта унафэхэр гъэзэщІа зэрыхъум щыхэплъа зэІущІэ иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В.

ЩІЫНАЛЪЭМ и унафащІым къыхигъэщхьэхукІащ ухуэныгъэм ехьэлІауэ зыхуагъэувыжа къалэнхэр нэгъэсауэ икІи я пІалъэм къриубыдэу гъэзэщІэн зэрыхуейр. «Финанс кІэлъыплъыныгъэри техническэ кІэлъыплъыныгъэри нэхъри гъэткІиипхъэщ», - жиІащ абы.

2019 гъэм капитальнэ ухуэныгъэмкІэ реестрым ухуэныгъэщІэу 62-рэ итщ. Абыхэм трагъэкІуэдэну бюджет ахъшэр сом меларди 2-рэ мелуан 300-м щегъу. Дыздэт илъэсым къриубыдэу хьэзыр ящІыну ухуэныгъэ 27-м яхэтщ Дзэлыкъуэкъуажэ посёлкэм дащІыхь физкультурэ комплексыр, Сэрмакъ, нэгъуэщІ къуажэ зыбжани псыкІэ къызэрызэрагъэпэщыну системэхэр.

Гъуэгу хозяйствэм и лъэныкъуэкІэ къапщтэмэ, 2019 - 2020 гъэхэм ирагъэфІэкІуэнущ «Новопавловск - Прохладнэ - Мэздэгу», «Дей - Курп Ищхъэрэ - Осетие Ищхъэрэ - Аланием и гъунапкъэ», «Бабугент - Бесенги», «Шэджэм ЕтІуанэ - Булунгу» гъуэгухэр, капитальнэу зэрагъэпэщыжынущ «Щхьэлыкъуэ - Каменкэ», «Балъкъ - Ингушлы» (Каменномост къуажэм нэс), «Куба - Псыхъурей - Кремконстантиновкэ», «Яныкъуей - Лашынкъей», «Дзэлыменкэ», «Прохладнэ - Елъхъуэт», «Прохладнэ - Лесной - Солдатскэ», «Налшык - Нарткъалэ», «Аруан - Уштулу» автомобиль гъэгуфн къыхэкІыу Жэмтхьэ къуажэм екІуалІэ гъуэгухэр. Апхуэдэу гъуэгухэм шынагъуэншагъэ къыщызгъэпэщыным, уэздыгъэхэр щыфІэдзэным гулъытэ хэха хуащІынущ.

Зытепсэлъыхьахэм ящыщщ КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр республикэм и районхэм щыщым кьалэухуэ пэжыгъэм и Іуэхукіэ законодательствэр гъэзэщІэным, щыналъэ планхэр зэрызэхалъхьэ программэхэр гъэхьэзырыным, транспорт, социальнэ, коммуналькэ инфраструктурэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ къыхилъхьауэ щыта унафэхэр зэрагъэзащІэр.

ЗэІущІэм къыщаІэта Іуэхухэм теухуа докладхэр ящІащ КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэ КІэрэф М. А., КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КЪБР-м инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Бэлэтокъуэ В. Хь., КЪБР-м ухуэныгъэмрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министр Къуныжь В. Хь. сымэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

КІуэкІуэ Казбек хэтащ 2018 - 2019 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ энергетикэмрэ я Іуэхущ1анІэхэр зэрылэжьам теухауэ УФ-м и вице-премьер Мутко Виталий иригъэкІуэкІа зэІущІэм

Связым и Іэмалхэр къигъэсэбэпри, КІуэкІуэ Казбек хэтащ блэкІа бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэр къыззрызэранэкІам теухуауэ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Мутко Виталий иригъэкІуэкІа зэІущІэм.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэм нэгъабэ унэхэр ягъэплъу щыщІадзащ 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 17-м икІи щыІэр икІыху псэупІэ-коммуналькэ хозяйствэмрэ энергетикэмрэ я Іуэхущ1анІэхэр зэблэу къыхэмыкІыу лэжьащ. Иджыпсту республикэм куэд щыізэфІагъэкІ хуабэкІэ, электрокъаруклэ, газкІэ, псыкІэ къызэзыгъэпэщ системэхэр 2019 - 2020 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм хуэгъэхьэзырыным хуэунэтІауэ.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ «ПсэупІэм-рэ къалэм и щытыкІэмрэ» лъэпкъ проектым пыщІауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм. 2019 гъэм псэупІэу метр зэбгъуэзанатІэ мин 474-рэ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, 2018 гъэм елъытауэ процентн 108,8-рэ хьэзыр щащІын хуейщ.

Зыхэплъа Іуэхухэм ящыщщ псэупІэ унэхэр зыщІхэр проектхэм тету ахъшэкІэ къызэрызэрагъэпэщ щыкІэм хуэгъэкІуэныр. ПсэупІэ езыгъэщІ цІыхухэм я мылъку зэхэлъкІэ иджыпсту проект 52-рэ ягъэзащІэ. Абыхэм япкъ иткІэ псори зэхэту метр зэбгъуэзанатІэ мин 275,3-рэ къызэрыкІ, фэтэр куэд хуэунэу 75-рэ яухуэ. А ухуэныгъэхэр зэрекІуэкІым кІэлъоплъ республикэм и Правительствэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

ЩІалэгъуалэ политикэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек хуэзащ республикэм цІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр Къумыкъу Іэуес. ЗэІущІэр теухуауэ щытащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектымрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэр щегъэфІэкІуэныр» къэрал программэмрэ хиубыдэ Іуэхухэр зэрагъэзащІэм.

МИНИСТРЫМ зэрыжиІамкІэ, федеральнэ центрым зи дзэпыкъуныгъэкІэ 2019 гъэм зи ныбжьыр мази 2-м щегъэжьауэ илъэсищым нэс сабийхэр зэкІуалІэ Іуэхущ1анІэм хагъэхъуэнущ икІи щІэуэ къызэІуахынущ сабий 860-рэ щапІыну ухуэныгъэщІэхэр. Абы трагъэкІуэдэн папщІэ сом мелуан 536,7-рэ къаутІыпщащ.

Зи школ кІуэгъуэ мыхъуа сабийхэр зэкІуалІэ Іуэхущ1анІэу щыІэхэм ящыщу 29-м зрагъэубгъунущ икІи абы и хьэкъкІэ илъэс 1,5-рэ, илъэси 3 си ныбжь сабийуэ садхэм екІуалІэхэр мини 2-кІэ нэхъыбэ ящІынущ.

ЕджакІуэ 1224-рэ зыщІэхуэн школыщІэ Налшык къалэм и 6-нэ хьэблэм щащІ икІи ар дызэрыт илъэсым къызэІуахын хуейщ. 2020 гъэм хьэзыр хъун хуейщ еджакІуэ 500 щІэхуэу Шэджэм къалэм, еджакІуэ 250-м ятещІыхьауэ Солдатскэ станицэм къыщрагъэжьэну школхэр.

УхуэныгъэщІэу 51-рэ хьэзыр зэрыхъунум, апхуэдэу лъэпкъ проектхэр гъэзэщІэным елэжьыну Іэнатіащ1эхэр къызэрызэІуахынум я хьэкъкІэ егъэджакІуэу, егъэджэныгъэм пыщІа нэгъуэщІ лэжьакІуэу 1000-м щІигъу щІэуэ къащтэнущ.

ЗэІущІэм къыщаІэта Іуэхухэм япкъ иткІэ КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм къиргъэващ къэрал экзаменхэр щыІэ мардэхэм тету икІи зэІуахуэ егъэкІуэкІынымкІэ зыхуэфащэ Іуэхухэр зэхалъхьэну.

КІуэкІуэ К. В. апхуэдэу къигъэуващ къэралым и щалэгъуалэ политикэм пыщІа лэжьыгъэр нэхъ жыджэру ирагъэкІуэкІыну, ресурбликэм и щалэгъуалэр урысейпсо зэпеуэхэм тэмэму хэтын папщІэ зэрагъэхьэзырыр ирагъэфІэкІуэну.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Накъыгъэм и 16, *махуэку*

♦Мамыру зэдэпсэуным и дунейпсо махуэщ. 2017 гъэм дыгъэгъазэм и 8-м ЛъэпкъэЗэкъуэтхэм я Зэгуфхэныгъэм и Ассамблее Нэхъыщхьэм унафэ кІыщІащ накъыгъэм и 16-р Мамыру зэдэпсэуным и дунейпсо махуэу гъэувыным теухуауэ.

♦Ставрополь крайм и махуэщ

♦Биографэм я махуэщ

♦1744 гъэм Урысейм и пащтыхь гуащэ Елизаветэ Пётр и пхъум Іэ щІидзащ цІыхум и хьэкумыр укІкІэ ящІыну зэрыхуимытым теухуа унафэм.

♦1768 гъэм Урысейм и пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтІуанэм унафэ ищІащ Пётр Езанэм фэеплъ хуэщІыным теухуауэ. Ар иджы «Гъуэплъым къыхэщІыкІа шууей» фэеплъу Санкт-Петербург дэтырщ.

♦1881 гъэм Германием и къалащхьэ Берлин дунейм щыяпэу щаутІыпщащ трамвай зрикІуэ гъущІ гъэгур.

♦1924 гъэм СССР-м ыкъыщдэкІащ «Мурзилка» сабий журналым и япэ номерыр.

♦1929 гъэм США-м япэ дыдэу щекІуэкІащ «Оскар» саугъэтыр зыхуагъэфэщахэм етыжьыным теухуа гуфІэгъуэ дауэдапщэкэр.

♦1954 гъэм Налшык къыщызэІуахащ украин тхакІуэ Вовчок Марко и фэеплъ.

♦1960 гъэм Америкэм щыщ физик Мейман Теодор дунейм щыяпэу лазер ищІащ.

♦1985 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къыдигъэкІащ «Фадафэным ебэныныр гъэлъэщыным теухуауэ» унафэр.

♦Адыгэ тхыдэдж, этнограф, тхакІуэ **Хьан-Джэрий СультІан** къызэралъхуэ ильэс 211-рэ ирокъу.

♦Адыгэ уэзщІакІуэ, щІэныгъэлІ **Хьэтіохъущокъуэ Къазий** къызэралъхуэр ильэси 178-рэ ирокъу.

♦Урысей кхъухьлъатэзехуэ, Совет Союзым и ЛІыхъужь **Маресьев Алексей** къызэралъхуэр ильэси 103-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Щхьэгъэпсо Таужан** къызэралъхуэр ильэси 102-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, РАЕН-м и академик, КЪБР-м щІыхь зиІэ и экономист **Къалэ Замир** и ныбжьыр ильэс 62-рэ ирокъу.

♦Совет гимнасткэ, Олимп Джэгухэм плІэнэйрэ я чемпионкэ, гъэсакІуэ **Корбут Ольгэ** и ныбжьыр ильэс 64-рэ ирокъу.

♦Музыкант, усакІуэ, композитор **Шевчк Юрий** и ныбжьыр ильэс 62-рэ ирокъу.

♦Хэчыл, КЪБР-м щІыхь зиІэ и юрист **Бэрокъуэ Хьэсэн-Алий** и ныбжьыр ильэс 58-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кмкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 28-рэ, жэщым градус 14 - 17 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 17, *мэрем*

♦Электросвязьмрэ хъыбарегъащІэ зэгурыІуныгъэмрэ я дунейпсо махуэщ.

♦Гу узыфэхэм ебэныным и дунейпсо махуэщ

♦Норвегие пащтыхыгъуэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - я Конституцэм и махуэщ

♦Аргентинэм и Дзэ-тенджыз флотым и махуэщ

♦1727 гъэм Урысейм и пащтыхь тахтэр къыпхьсащ илъэс 11 фІэкІа мыхъуа Пётр ЕтІуанэм, Пётр Езанэм и къуэрылъхум.

♦1801 гъэм Санкт-Петербург къыщызэІуахащ дзэзешэ цІэрыІуэ Суворов Александр и фэеплъ.

♦1861 гъэм дунейм щыяпэу ягъэльэгъуащ щхьэхкІэплъыкІэу траха суэрэтыр.

♦1916 гъэм Инджылызыр дунейм щыяпэу гъэмахуэ зэманым техьауэ щытащ.

♦1928 гъэм Нидерландэм и къалащхьэ Амстердам къыщызэІуахащ IX Гъэмахуэ Олимп Джэгуэр. Ахэр екІуэкІащ накъыгъэм и 17 - щыщхьэуІум и 12-хэм къриубыдэу.

♦1944 гъэм Кърым АССР-р щымыІэж ящІащ. Кърымым щыпсэу тэтэр мин 200-м нэс щалъхуа щІыпІэхэм ирашри, Курыт Азием, Урал щІыбым, Поволжье Ипщэм ягъэІэпхъуауэ щытащ.

♦1988 гъэм Москва и Кремлым, Спасскэ кузбжэхэм ягъэмыкъыжьэу ухуэныгъэ пэжыгъэхэр щыщІэрыІуэ щыщІэрыІуэ къэтІыпІыгъэшхуэ къагъуэтащ. Абдежым щІэлът 12 - 13-нэ лІащІыгъуэхэм зэрахьэу щыта хьэпшыпхэр, Іэмэпсымэхэр.

♦Адыгэ щІыналъэм щыпсэуа тхыдэдж, уэзщІакІуэ **Хьэджымыкъуэ Темтэч** къызэралъхуэр ильэс 171-рэ ирокъу.

♦Дуней псом щыщІэрыІуэ франджы актёр **Габен Жан** къызэралъхуэр ильэси 115-рэ ирокъу.

♦Урысей Федерацэм и цІыхубз артисткэ **ДыщэкІ КІунэ** къызэралъхуэр ильэси 102-рэ ирокъу.

♦Урысей политик, «Демократием и телъхъэ Урысей» зэщІэхъеныгъэм и пашэу щыта **Старовойтовэ Галинэ** къызэралъхуэр ильэс 73-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кмкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 29-рэ, жэщым градус 14 - 17 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

ЦІыхухэр хущхъуэхэмкІэ къызэрызэрагъэпэщыр егъэфІэкІуэным гулъытэ хэха хуащІ

Узыншагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэм и лэжьыгъэр къызэрызэрагъэпэщыр егъэфІэкІуэным хуэгъэзауэ япэкІэ къащтауэ щыта унафэхэр гъэзэщІа зэрыхъур къэпщытэным хиубыдэу КІуэкІуэ Казбек яІущІащ КЪБР-м и Правительствэм, зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщІхэм.

ЛЭЖЬЫГЪЭМ Іэнатіэр лъэныкъуэ щхьэхуэхэмкІэ мыбзаджэу йохъуІэ, жиІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм, ауэ нобэм ирихьэлІэу зэгуГъун хуей Іуэху куэд щыІэщ. Мы Іэнатіэм пыщІауэ дызрихьэлІэ мыхъумыщІагъэхэр цІыхухэм нэрылъагъуу яжьэхоуэ икІи абыхэм я гукъыдэжьр ираудых. Апхуэдэу щыщІыткІэ, КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм къызэрилъытэмкІэ, цІыхухэм къыхалъхьэжьм и зэманым гулъытэ хуащІын икІи абыхэм я тхьэусыхафэхэр зэпкърахын хуейщ.

ЗэІущІэм хэхаУ щытепсэлъыхьащ цІыху гуп щхьэхуэхэмрэ узыншагъэр хъумэнымкІэ Іуэхущ1анІэхэмрэ хущхъуэхэмкІэ, медицинэ ІэмэпсымэхэмкІэ къызэрызэрагъэпэщым. Зыхуэфащэ Іэнатіэхэмра ЦылькъущІэхэмрэ пщэрылъ щащІащ хущхъуэхэм трагъэкІуадэ бюджет ахъшэр нэхъ зэгъэзэхуауэ къагъэсэбэпыну, хущхъуэ нэхъ гъэзтыгъуейкэр, абыхэм ящыщу орфан узыфэхэмрэ зэфыкІхэм ирахьэлІэхэр къащтхун папщІэ, бюджетым къыдэкІуэу, Іэмал зэриІэкІэ нэгъуэщІ хэкІыпІэхэри къагъэсэбэпыну.

Къэпсэлъахэм зэрыжаІамкІэ, республикэм исхэр иджыпсту нэхъ зыгъэужьыхь Іуэхухэм ящыщщ психоневрологие диспансерым, жьэн узым щеІзэз диспансерым, Тэрч районым хыхьэ Новая Балкария къуажэм дэт амбулаторэм я щытыкІэр икъукІэ зэрызэкІэлъымыкІуэр, Май, Прохладнэ районхэм я сымаджэщхэм, муниципалитет щхьэхуэхэм я фельдшер-акушер пунктхэм узыфэхэр зэрызэхагъэкІын Іэмэпсымэхэр зэрамыІэр. А Іуэхухэр, жиІащ КІуэкІуэ Казбек, цІыхухэм дащыІыщІэкІэ зэпымыууэ къаІэт, кьытхуагъэхь тхьэусыхафэхэми кьыщагъэлъагъуэ.

КъэрА-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм нэхъ япэкІэ республикэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм хуигъэува къалэнхэм ябпкъ иткІэ республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и Іуэхущ1анІэ щхьэхуэхэр ухуэным, лажьэу щыІэхэр зэгъэпэщыжьным пыщІа проект-сметэ документацэр хьэзыр ящІ, апхуэдэу «Узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ проектым и щІыналъэ Іыхьэм хиубыдэу иджырей медицинэ Іэмэпсымэхэр къащхъунымкІэ къъув къалэнхэр яубзыху.

«ЦІыхухэм я гъащІэмрэ узыншагъэмрэ ехьэлІа Іуэхухэм нэхъри нэхъыщхьэ щыІэкъым», - ииІуэ КІуэкІуэ Казбек.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ и пресс-Іуэхущ1анІэ.

● КъБР-м и Парламентым

ЩІыналъэм и гъащІэ Іыхьэ

КЪБР-м и Парламентым иджыблагъэ щагъэлъэпІащ Урысеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ парламентаризмэм зыщегъэужьыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщІа цІыху 60-м щІигъу. Ар къызэрагъэпэщат КЪБР-м и Парламентыр илъэс 25-рэ зэрырикъуам и щІыхьІ.

КЪБР-м и Парламентым и УнафэщІ **Егоровэ Татьянэ** зэІущІэр къыщыІуихым къыхигъэщащ махуэшхуэм ехьэлІа Іуэхугъуэ гуапэ куэд зэрыраГъэхьІуэкІар.

- КЪБР-м и Парламентыр илъэс 25-рэ зэрырикъур дгъэлъапІэу, стІол хъурейкэр, зэхьэзэхуэхэр, зэІущІэ гъэщІэгъуэнхэр едгъэкІуэкІащ. Депутатхэмрэ ди Іуэхущ1анІэм и лэжьакІуэхэмрэ «КЪБР-м и Парламентыр илъэс 25-рэ ирокъу» псалъэхэр зытетха ныпыр драхьеящ Шэджэм ауэзым и Кьыр тхыцІэм и зы лъагапІэм, - жиІащ Егоровэм. - Илъэс 25-р Парламентым дежкІэ бжыгъэ къудейкьым, атІэ щІыналъэм и гъащІэм щыщ Іыхьэщ. Зэралыгъуэм зегъэужьыныгъэ демократиер зэфІэгъэувэныгъэ Парламентым гулъытэ ин хуищІащ. Къапщтэмэ, абы и хабзэубзыху лъабжьэр зэман кІэщым къриубыдэу быдэ хъуащ икІи Урысей Федерацэм щынэхъыфІхэм ар хабжь. КъищынэмыщІауэ, нобэ Парламентыр зэІухауэ цІыхухэм ядолажьэ, ари мыхьэнэ мымащІэ зиІэхэм ящыщ зыщ.

Егоровэ Татьянэ КЪБР-м и Парламентым и я пэ хэхыгъуэхэм лэжьа депутатхэм зэфІагъэкІа Іуэхухэм папщІэ фІыщІэ яхуищащ.

Урысей Федерацэм парламентаризмэм зыщегъэужьыным зэрыхьІыхьым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхэр зэрырагъэфІакІуэм папщІэ, «КЪБР-м и Парламентыр илъэс 25-рэ ирокъу» медалыр зэІущІэм щратащ КЪБР-м и Парламентым и хэхыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм я депутату щытахэм, Іуэхущ1анІэм и Аппаратым и унафэщІхэм, къэрал Іуэхущ1анІэхэм, профсоюз, жылагъуэ зэгурыІуныгъэхэм я лІыкІуэхэм. Абыхэм ящыщщ Нэхущ Заурбий, Бечелов Ильяс, Чеченов Ануар, Федченкэ Людмилэ, Берд Хьэзрэтэлий, Битокъу Владимир, ДыщэкІ Мадинэ, Хьэушырокъуэ Залым, КІасэ Динэ, нэгъуэщІхэри.

Журналистикэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуащІымрэ къагъэльагъуэ екъуІэлІэныгъэхэмрэ папщІэ КЪБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр хуагъэфащащ Аттаев Жэмал («Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ), Къаныкъуэ Заринэ («Горянка»), Конаревэ Наталие («Кабардино-Балкарская правда»), Котляров Виктор («Эльбрус» журналым и редакцэм и редактор нэхъыщхьэ).

Апхуэдэуи щІыпІэ самоуправлением зэрызрагъэужьыным, цІыхухэм я хуитыныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщым папщІэ, КЪБР-м и Парламентымрэ КЪБР-м и Правительствэмрэ я ЩІыхь тхылъэр цІыху зыбжанэм хуагъэфащащ.

Профсоюз Іуэхум жыджэру зэрыхэтым папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и профсоюз Іуэхущ1анІэхэм я зэгурыІуныгъэм и Іуэхухэм я Іуэрыгъэ ираащ Афэщ1агъуэ Михаил, Гриневич Валерий, Кансаевэ Еленэ сымэ.

КЪБР-м экстремизмэмрэ щІалэгъуалэ политикэмрэ пыщІа лэжьыгъэр щыІэнэхэм къызэгъэІуныкІэ и министр **Къуэшырокъуэ Залым** къыщыпсалъэм нэхъыжьхэм фІыщІэ яхуищІащ, 1990 гъэхэм республикэр зэкъуэту къэнэным КЪБР-м и Парламентым и зэфІэкІ ин зэрыхилъхьам папщІэ.

Нэхущ Заурбий, **Бечелов Ильяс**, **Федченкэ Людмилэ** сымэ къыхуагъэфэща дамыгъэхэр зэрагъапэр хъыкагъэщу, КЪБР-м и Парламентым и иджырей хэхыгъуэм хэтхэм фІыщІэ хуащІащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Бзаджэр уи пэшэгъумэ, уи анэ мыгъуэ хъунщ.

«ТекIуэныгъэм и диктантыр» ятхащ цIыху мини 100-м нэблагъэм

Хэку зауэшхуэм къыщыгъхьа ТекIуэныгъэр илъэс 74-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ «ТекIуэныгъэм и диктант» тхыным хуэгъэзауэ «Урысей зэкъуэт» партым къыхилъхьа жэрдэмэр даIыгъащ ди къэралым, нэгъуэщI къэрал 23-м щыщу цIыху мини 100-м хуэдизым. «Тхыдэм и фэеплъ» парт проектым и уб зыхуэхIуэ. «ТекIуэныгъэм и диктантыр» егъэкIуэкIынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым и тхьэмадэ, Къэрал Думэм и депутат Хинштейн Александр зэрыжиIамкIэ, ар нахъыгъэм и 7-м щрагъэкIуэкIащ щIыпIэ 1373-м икIи диктантыр егъэтхыныкIэ дзIэпикъуэгъу хъущ волонтёр мини 5,5-м нэблагъэ.

МОСКВА зэманымкIэ сыхьэти 9-м щIдзэри, диктантыр ятху ятхащ ди къэралым и КъуэкIыпIэ Жыжьэм щыпсэухэу, апхуэдэу Италием, Вьетнамым, Монголием, Къззахъстаным я цIыхухэу мини 5-м щIигъум. Сыхьэт 13-м диктантыр тхын щIадзащ Урысейм и щIыналъэхэм я нэхъыбапIэм, къэрал 19-м, абыхэм ящыщщ Абхъазыр, Австриер, Азербайджанир, Армениер, Белоруссиер, Болгариер, Германиер, Даниер, Израильр, Къыргъызыр, Молдовэр, Польшэр, Сербиер, Словениер, Таджикистанир, Тыркур, Узбекистанир, Чехиер, Осетие Ипщэр.

«ТекIуэныгъэм и диктантыр» иджы ятху ирагъэкIуэкIауэ аращ. Апхуэдэу щыт пэтми, а Iуэхум егъэлеяуэ цIыху куэд къыхьыхьащ, сыту жыпIэмэ, фашизмэр зэтезыкIытахэм я фэеплъыр мыкIуэдыжынщ. Ябыныкъуэ къэралхэм ящыщу «ТекIуэныгъэм и диктантыр» зытхахэм я бжыгъэр цIыхуипщI зыбжанэщ, ауэ мы Iуэхум цIыхуищэхэр щызэхуищэса щIыналъэхэри мащIэкъым. Дэ а спокъи фIыщIэ яхудощI ТекIуэныгъэ Иныр апхуэдэ щIыкIэкIэ зэрагъэлъэпIам папщIэ», - жиIащ мы лэжьыгъэр егъэкIуэкIынымкIэ Iуэхушхуэ зэфIэзыгъэкIа, зыми Iэщ Iэмылъ Къэралхэм я Зэкъуэтыныгъэм, ди хэкуэгъуэм ящыщу къэрал щIыбым щыпсэухэм ядэлажьэным, дунейпсо гуманитар зэдэлажьэныгъэм я IуэхуэхэмкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщIым и къуэдзэ Брюховам Михаил.

«ТекIуэныгъэм и диктантыр» тхыным хуэгъэзауэ «Урысей зэкъуэт» партым къыхилъхьа жэрдэмым КъэбэрдейБалъкъэрым щыщу цIыху 600-м щIигъу хэтащ.

Диктантыр ятхын папщIэ КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ КъэбэрдейБалъкъэр къэрал университетым къэкIуэлIаэхэм хъуэхъу псалъэхэмкIэ зыхуагъэзащ мы Iуэхур КъэбэрдейБалъкъэрым щегъэкIуэкIынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым и тхьэмадэ, «Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ къудамэм и секретарь, «Урысей зэкъуэтым» и фракцэу КъБР-м и Парламентым щыIэм и унафэщI, КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и Къуэдзэ, АфэщIагъуэ Михаилрэ КъэбэрдейБалъкъэр аграрнэ университетым и ректор Апажэ Къанэрэ.

Апхуэдэу КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэрэ «Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ къудамэм и секретарым и къуэдзэ, КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Жанатаев Сэлимрэ хъуэхъу псалъэхэр хуагъэзащ Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым диктантыр щызыгъхахэм.

Студенту, егъэджакIуэу, ветеранхэм ящыщу цIыху 300-м щIигъум «ТекIуэныгъэм и диктантыр» щатхащ КъэбэрдейБалъкъэр къэрал университетым. Абыхэм яхэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэдрэ КъБР-м цIыхухэр егъэджэныгъэ, щIэныгъэмрэ щIагъэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и министр Къумыкъуэ Iэуесрэ.

ПЕЧОНОВ Владилен.

● Ди махуэгъэпс

ЩIыуэпсыр хъумэныр, гъэкъэбзэныр ди фарзщ

Накъыгъэм и 15-м къэрал куэдым щекIуэкIащ Климатым и махуэм ехьэлIа Iуэхухэр

Мы зэманым цIыхуу дунейм тетхэми дяпэкIэ къэунэхуну щIэблэхэми я щыIэкIэ-псэукIэр зыхуэдэнур, зэрыгуныIуэгъэщи, «дызыхэсыхь» щIыуэпсым и щытыкIэм куэду елъытащ.

АБы КъыхэкIыуи Климатым и махуэм гулъытэ хэIэтыкIа хуащI экологие щынагъуэнщагъэр къызэгъэпэщыным телажьэ къэхутакIуэхэм, цIыхуэхэм и щытыкIэм кIэлъыплъ Iэхэущ Iапэхэм я Iэщагъэлъэхэм, къэрал властым щыщхэм, щIэныгъэлIхэм, нэгъуэщIхэм.

Загъуэ-загъуэжкIэрэ зэхэтх хъыбархэм ятетщIыхьмэ, щынэгъуагъэшхуэ къэзыщIа къэхуэкъащIэхэм къэралхэр ерыскъыкIэ къызэрызэгъэпэщари, цIыхуэхэм тыншыгъэхIэ гъэнщIа я псэуныгъэри къызэпаудэ.

ЩIыгур, дызырыбауэ хьэуар кIуэ пэтми нэхъ хуабэ зэрыхъуэм узгъуэхэр, псыдзэхэр, нэгъэщI тхьэмыщкIагъэхэр куэду къагъэщI, хы щхьэфэр къыгъэкуэкIейри псыIур къегъэIэпхъуэ, ищхъэрэ, ипщэжыжьэхэм илъэс мин бжыгъэкIэрэ щызэтрищIа мылышхуэхэр егъэткIу. Апхуэдэуи, ди планетэм дежкIэ хуабжу шынагъуэщ къытщхьэщыт узгум гъуэз щхъухьзехьэхэр зэрыщызэтрихьэри.

Тхыдэ мыжыжьэм къызэрыхэщыжымкIэ, мы къедбжэкIа Iуэхуэхэм я пэ дыдэу зэIухауэ щытепсэлъыхьар 1992 гъэм Рио-де-Жанейрэ щекIуэкIа, къэралыбз 180-м щIигъум (СССР-м къыхэри щытхэри ихэту) я лыкIуэхэр щызэIущIа, «ЩIым и Саммит» зыфIаща зэхьыхь иныр аращ. А зэхуэсым щызэрихьэлIаэхэм Iэ традзауэ щытащ ООН-м и Конвенцэм, ди планетэм и климатым и зыхъуэжькIэ шынагъуэм теухуам. Мы зэгурыIуэныгъэрэ щагубзыхуари гъуэз «дыджэр» атмосферэм щызэтремыгъэхьэным пыщIагъэ я пэ дыдэу зэфIэгъэкIыпхъэхэр.

ЩIым и Саммитым (зи гугъу тщIы зэIущIэхэм апхуэдэущ зэреджэр) и ещанэ конференцыр 1997 гъэм и кIуэхым Японием хыхьэ Киотэ хьIыгъум щызэхашат. Мыбдежым щызэIущIахэм 1992 гъэм екIуэкIауэ щита я пэ зэхьыхьэшхуэм ящыщащтауэ щита Конвенцэм щыщIагъэжат иужькIэ дуней псом цIэрыцIуэ щыхьуа Киотэ унафэр - къэрал зызыжьакъэмрэ зи экономикэр зэблэкIыгъуэ гъэхьэнэм итхэмрэ узгум хагуфIыщхьэ гъэзащ 2008 - 2012 гъэхэм ягъэмэщIэн зэрыхуейм теухуа ехьыуеджэныгъэр.

Илъэси 10 дэкIри, 2007 гъэм и дыгъэгъазэм, Индонезием и Бали къалэм арагуэру щызэхэтащ ООН-м мы Iуэхум триухуа и къыкIэлыкIуэ конференц. Абыи щхьэтечу щытепсэлъыхьат дунейм и щытыкIэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэ шынагъуэхэм. Къэрали 190-м я лыкIуэхэу а зэхьыхьэм щызэIущIахэм абдежым Iэ щытрадзауэ щытащ сату-промышленнэ Iуэхущ Iапэхэм узгум хаутIыпщхьэ гъуэзэжэ ягъэмэщIэным къыхуэхьыджэ дунейпсо зэгурыIуэныгъэм.

ЩIыуэпсыр хъумэныр, дыкъзэIуэрыеихь дунейр къабзэу щыгъэтыныр тщIыщ дэтхэнэми ди фарзщ. Автомобилхэр нэхъ мащIэрэ къэдгъэсэбэпрэ электрокъарур ямылейуэ дымыгъэкIуэщIу, жыгъыщIэхэр дгъэтIысрэ щхъуантIагъэми зедгъэубгъуу дыкъекIуэкIмэ, ахэр, шэч хэмылъу, сэбэпынагъ ин къэзыщIащ. Мы зи гугъу тщIыхэр Iуэху цIыкIуфэкIу дыдэу къытщIыхьнкIи мэхъу, арщхьэкIэ ЩIы Хъурейм цIыхуу тетым апхуэдэхэр зэгъэуIуауэ длэжьмэ, ахэр мыхьэнэ ин дыдэ зиIэу къыщIидзыжьынущ.

ЩIэныгъэр гудзакъагъэм и щIэгъэкъуэнщ

ЩIыуэпсым и щытыкIэр зыхуэдэм щытепсэлъыхь егъэджэныгъэхэм ди зэманым мыхьэнэ ин зэраIэми шэч къытехьэгъуейщ.

«ЦIыхуэхэм экологие щIэныгъэ егъэгъуэтыным и махуэ» зыфIащари (ар зыхуэзэр накъыгъэм и 12-рщ) къыщащтар ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и зэIущIэу Бразилием и къалащхьэ Рио-де-Жанейрэ 1992 гъэм щызэхашарщ.

Мы Iуэхуми и къызэгъэпэщакIуэхэм зыхуагъэувыжкIэ щита къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ экологие щэнхабзэм зегъэужьныкъэ дыкъзэIуэрыеихь дунейм и щытыкIэм цIыхуэхэр щыгъуазэ щIыныкъэ.

ЦIыхуэхэм экологие щIэныгъэ егъэгъуэтыным и махуэм Урысей Федерацэм гулъытэ хэха хуащI щыхъуар 1996 гъэм къыщыщIэдзауэщ. Абы лъандэрэ, ди къэралым зы илъэс къэмынэу, дыкъзэIуэрыеихь дунейр щынагъэншэу щыгъэтыныным хуэгъэза Iуэхугъуэхэр мэлыжьыхьым и 15 - мэкъуэгъуэм и 5-хэм («ЩIыуэпсыр хъумэным и дунейпсо махуэр» хиубыдэу) щрагъэкIуэжкI.

А зэманым къриубыдэу гъэсакIуэ-егъэджакIуэхэм сабий садхэм, курыт школхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIыуэпсым и щытыкIэм и гугъу щащI зэхьыхьэр щызэхашэ, удэзыхьэх зэпеуэхэр къыщызэрагъэпэщI, Iэгъуэблагъэр щызэIущIурагъэх, жыгъыщIэхэр щыхрагъасэ.

КъУМАХУЭ Асльэн.

Фашист Германиер ди къэралым къызыщытеуам ящэу бийм пэщIэувэхэм икIи ар къэзыгъэувыIахэм яхэтащ, къхъхьлъатэзехуэ Байсултанов Алим. А лъэхъэнэм ар илъэс 22-рэ ирикъуа къудейт. Апхуэдэу щIалэ щхьэкIэ, Финн зауэмэ хэтауэ Байсултановыр зауэлI хьэзырт. Алим яхэтащ финн хы къуэпсыр яхъумэу Ханко деж лIыхъужьыгъэшхуэ къыщыщызыгъэгъуэ ди зауэлI хахуэхэм. Ди хэкуэгъур дауэ къыщыхутат а хы тIуащIэм?

ЗАУЭМ и пэкIэ Байсултанов Алим Налшык щыIа аэроклубым щытэфу зыщигъэсащ, иужьыуэкIэ щеджащ кхъухьлъатэзехуэхэр щагъэхьэзыру Бийск дэта еджапIэм. Ар къиуха нэужь кхъулыкъу ищIэну ягъакIуэ Прибалтикэм, хыр зыхъумэ дзэхэм хагъэхьэ.

Къыдеджахэми, кхъулыкъу кьыдэзыщIахэми къаIуэтэж Байсултановыр цIыхугъэ дахэ зыхэль щIалэу, и хьэщэнкIэ адрейхэр зыдригъэлпъейуэ зэрыщытар. ЦIыхуу Iэсэт и ныбжьэгъуэм щахэтым деж, ауэ бий илъэгуаIкъэ - ябгэ хъурт...

1941 гъэм и мэкъуэгъуэгъэ мазэу, зауэри къэхъеи къудейуэ, Байсултанов Алимрэ нэгъуэщI щIалитIрэ къалэн къыщащI я кхъухьлъатэхэмкIэ заIэту бийм дзэшхэу щиIыгъ Тарку къалэм теуэнхэу. Байсултановыр пашэ ящIри, а гуп цIыкIур гъуэгу тохьэ. ИщIагъэмкIэ сытри фIыуэ щыплъагъуу дунейр бзыгъэт. Ди кхъухьлъатэхэми лъагащэу заIэтырхьым. Здэжьа щIыпIэм гъунэгъу хуэхъуауэ Алимрэ и гуэсэхэмрэ ялъагъу фашист кхъухьлъатэхэу пIлы кьызэрыкъуэхуэ къэзэрыхуэкIуэр. Алим и гъуситIым я зым еджащ: «КхъызэдаIуэ, кхъызэдаIуэ: ябэ итым сэ сытеуэнщ, уэ си щIыбымкIэ сыкъыщыхъумэ!»

ЗэрыжиIам хуэдэуи ещI. Бий кхъухьлъатэм гъунэгъу зыхуэщIри, пулемётым и кIакхъур щIеч. Бий кхъухьлъатэр, шэ зытехуа кьуаргъыжьу, и дамэхэмкIэ лъэныкъуэлъэныкъуэкIэ ещIэу хуохьэ, къолыдри, Iугъуэ фIыцIэр къыщхьэщихьу, йохуэх.

Й гъуситIми зы бий кхъухьлъатэ я кум дарбыдари, кIуапIи жапIи иралмыту кьрагъэпсых. Адрей фашист кхъухьлъатэхэм кхъыдикIамкIэ IуагъэзыкIыжащ.

Къалэн щащIар кхъэщIэри, Алим сымэ зыри яхэмыщIауэ кьагъэзэжащ. Ахэр кьетIысэхьжа нэужь, я ныбжьэгъуэхэр щхьэпэ щIеч. Бий кхъухьлъатэр, шэ зытехуа кьуаргъыжьу, и дамэхэмкIэ лъэныкъуэлъэныкъуэкIэ ещIэу хуохьэ, къолыдри, Iугъуэ фIыцIэр къыщхьэщихьу, йохуэх.

Й гъуситIми зы бий кхъухьлъатэ я кум дарбыдари, кIуапIи жапIи иралмыту кьрагъэпсых. Адрей фашист кхъухьлъатэхэм кхъыдикIамкIэ IуагъэзыкIыжащ.

Къалэн щащIар кхъэщIэри, Алим сымэ зыри яхэмыщIауэ кьагъэзэжащ. Ахэр кьетIысэхьжа нэужь, я ныбжьэгъуэхэр щхьэпэ щIеч. Бий кхъухьлъатэм, и гупсысэр асыхьэтым кхъэуну Iуэхум триухуэфырт. Апхуэдэу зэщIэкъуауэ зэрыщытым и сэбэп ещхьэкIыжыт, и ныбжьэгъуэхэм дежкIи мыхьэнэшхуэ иIэт. Мыпхуэдэ Iуэху зэгурым кхъэхуащ: «Бийм мафIэ ирадзыну» полкым и бомбзэшэ кхъухьлъатэхэр гъуэгу техьат. Ахэр зыхъумэхэм яхэту лъэтат Байсултановри. Ди бомбзэхьэхэм биидзэм хэщIыныгъэшхуэ ираташ а махуэм. Хьарзынэуи кьагъэзэжат, ауэ гъуэгум абыхэм кьащIыпIэщIэхэр кхъухьлъатэ псынщIэхэр - «МЕ-110»-хэр. Зэзэуэн щIадзэ. Зэуэ Алим гу лъетэ эскадрильем и командир Белоусовым и кхъухьлъатэм иужь «МЕ-110»-р кьиззриувам икIи, зы тэлай дэкIыжмэ, абы командирыр зэрыхъухь лъатэр Iисрафи кьызэрищIынум. И командиры кьригъэIыпи щхьэкIэ, Алим езым шэпIэудз зищIу бийм и гупэм зредзэ, шэхэр кьызэрытелъалъэр зыхищIэу лъэныкъуэкIэ зыщIедзри, фашист кхъухьлъатэм накIуэпакIуэу хуеуэнэт икIи и тегъапсэ и ауи зыуэ и пулемётыр егъэлъапэ. «МЕ-110»-р зэщIонэ. Апхуэдэу и ныбжьэгъуэхэр ажалым кхъыщригъэI, езырри кхъыщахъуми кхэрэ кхъэхуащ. Алим кхъыдзэзуэхэм яхэтащ «уей-уей» жезыгъэIа кхъухьлъатэзехуэхэу Гринько Пётр, Антоненкэ Алексей, Цоколаев Геннадий, Васильев Михаил сымэ. Нэхъ иужьыIуэкIэ, Алим хуэдэу абыхэми кьыфIащат «Совет Союзым и Лыхъужь» цIэ лъапIэр. Ленинград зыхъумэжхэр абыхэм иригушхэрт, ирипагэрт... АтIэ дунейр кхъызэрыхъуурэ ямыльэгъуа лIыхъужьыгъэшхуэ кьагъэльагъуэрт ленинграддзэхэми, а кьалэр зыхъумэж псоми. ЦIыльэ-ми, ящIри, гъаблэри, гугъуэрэ-хэри абы дэсхэм зэрапэмыльэщым. Алим егупсысыр: «Сыту пIэрэ апхуэдэ кьару ди цIыхухэм кьезытыр?» - жиIэу. Жэуапи зритыкырт: «Дызэрызахуэм, ди лъахэр зэрытхъумэжым кьыдет а кьарур икIи хамэщI щIэнэцIу кьежьа зэрыпхъуакIуэхэм ящыщ зы ди щIым кьытемынэжьыху, узгум кьимыхьэж хъуху, дэ абыхэм дащыхьынкъым».

Зыми гу лъамытэу зы бий кхъухьлъатэ полкым и хэщIапIэм кьыщхьэщыхьат зэгъэрым, щIым щыт ди кхъухьлъатэхэм кьеуэн мурадыр иIэу. Асыхьэтым зиIэта кьудейуэ узгум итт Алим. Зы дакъикъи зимыIэжьэу абы кьыхуиунэтIащ бий кхъухьлъатэм. Лъэныкъуэ зыхуищIщ, еуэри, полк псом яльагъуу кьриудыхащ. Ди кхъухьлъатэзехуэхэр дыхьэшхыу зэхэтт: «Уа, унэмыщэм хуейтэкъэ-тIэ ди бгъащхьуэр узгум иту кьыдэпкъм щхьэкIэ», - жаIэу.

Зэгуэрым Балтикэм и тенджыз къарухэр зи унафэм щIэт генерал-лейтенант Самохиныр полкым къкIуат. КьэщIэн нэхъыщхьэхэр зэхуиушэсауэ абы къариIуэтлIэрт бийм и кхъухьлъатэхэр нэхъыбэ зэрыхуар, абыхэм ди кхъухьхэм хэщIыныгъэ кьыззэрыратыр. «НтIэ сыт щIэн хуейр?» - жаIэу псори гупсысэ хэхуат. «Псом япэу, - жиIащ генералым. - КьэщIэн хуейщ а кхъухьлъатэхэр зэрыхъур зыхуэдэхэр. Ар кьэтщIа нэужь а щIыпIэм деуэнщ».

Генералыр картэм телэбащ: «Мыбы сурэт щытрихыну гъэкIуэн хуейщ

Щхьэмыгъазэ

Совет Союзым и ЛIыхъужь Байсултанов Алим къызэралъхурэ илъэсищэ ирокъу

нэхъ Iэзэ дыдэу икIи лыгъэ зыхэлъу фIыIэр. Узгу зыхъумэ зениткэхэр куэдыкIейуэ зэдэщIат мы щIыпIэм сурэт щытезыхьыфынур, нетIи жыслIащи, Iэзэ дыдэу щытын хуейщ».

- Байсултанов Алим абы дгъэкIуэнщ, - жиIащ полкым и командирым.

Iуэхур зытетыр кхъыжраIа нэужь Байсултановыр егупсысащ: «Дауэ сщIымэ нэхъыфI?» - Ар гузавэрт и къалэныр хуэмыгъэзэщIэнкIэ. АтIэ, зэрыгурыIуэгъуэти, апхуэдизу яхъумэ щIыпIэм ящIхъуэдэмыщхъуэу ущхьэщыхьэфми - зениткэхэр куэдрэ ущхьэщагъэтынутэкъым, урагъэпсыхьнут. Полкым и унафэщIэхэри а маху эм гупсысу зэхэсат, ауэ зыри къаХуэгупсысатэкъым. ИужькIэ Алим нэщхьыфIэ кхоХу, мэдыхьэщ: «Мис иджы сэ абыхэм яхуэфI сыхъунщ», - жери полкым и командирым зыхуегъазэ, и мурадри иреIуэтыIэ.

Ауэ Алим дыхьэшхэм кхыщыхъужа и гупсысэр адрейм кхыдригъэщIыщкъым. Полкым и командирыр иригузавэрт Алим и щхьэ хилъхьэнкIэ...

Алим сурэт зытрихын хуей щIыпIэм ящхъуэдзэмыщхъуэу щхьэщыхьэщ. Фашистхэр кхъуIэбжьат, я зениткэхэмкIэ задзащ. Трагъапсэ, «Дэнэ укIуэжьи, утыкъуэщIи», - жаIэу. Ауэ сыт а ильагъур? Советкэ кхъухьлъатэм тIысын мурад иIэу и дамэхэр кьахущIеупскIэ, и щэрхъэри кхъызыкIэщIихащ. Абы къикIырт: «ФыкхъызэмыIуэ, гъэру зызот». Нэмыщэзэм ар я гуапэ мэхъу... ТIысыпIэм зыхуигъэхьэзыр щIыкIэу кхъухьлъатэм зэ хьурейуэ кьеуфэрэзыхьри, зигъэлъэхъэщу зэхъуэкIэ. Ауэ тIысыркъым. ЗытетIысхьэн хуея лъагъуэм хуимыгъэзэфа хуэдэу, сэмэгурабгъур ирещэжкI. Фашистхэм хьэрэкIытIэхэр хуэдагъэуйуэрэ кхъызэрыкIытIысыну лъэныкъуэр кьагъэльагъуэ. Алими ар кьыгурыIуа хуэдэу зещI, нэхъри зегъэльагъэхьэри, аэродромым и ижьырабгъумкIи сурэт трех.

Ещанэуи, тIысын фIэкIа умыщIэу, кхыщхьэщхьэхэри, зыхунэмыса щIыпIэхэм щхьэпрольэхьэщ. И Iуэху зэфIэкIати, газым трекъузэ, и щэрхъэхэр зэщIекъуэжри, пцIащхъуэм хуэдэу, уэгум йохьэж. Бийхэр я IэфракIэхэм едзэкъэжу кхыззохонэ.

Тегушхуэныгъэ зыхэль щIалэм и цIэр фIыкIэ Iуат. Зы махуэ кьанэрэткъым абы Ленинград и уафэм зыщымыIэту. Абы и бгъэм кхыхалъхьат Бэракъ ПлъыжькI ордену тIу, медалхэр, эскадрильем и командирым и дзIэпльхъуэгъуу ягъэват. 1942 гъэм и гъэмахуэм кьабжати, Байсултановыр уэгум зэрихьа бжыгъэр 277-м нэсат, плIыщIэ тхурэ зауэм ирагъэкIуэкIар, фий кхъухьлъатэу кьриудыхат и ныбжьэгъуэм я гъусэу 13, езым и закъуэу 8, тIур бий аэродромхэм щикIутат.

Балтикэ щIыналъэм адэжкIэ щыIуат гвардием и капитан Байсултановым и цIэр. Абы техуауа тхьапэжэр газетхэм традзэрт, фронтым Iухьа зауэлIхэр Алим ещхьу щытыну ягъэIуцIырт, 1942 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэкIэ ар Совет Союзым и ЛIыхъужь ящIащ.

Абы и ужькIи Байсултановыр зэхэуэ куэдым хэтащ. 1943 гъэм фокIадэм и 23-м Алим финн хы къуэпсым щхьэщыту къраудыхащ. Абы щыгъуэ ар илъэс 24-рэт зэрыхъуар. Ар ящIэгъунщакъым полкым къыдыхэтахэм. Абы илъ ящIэжу и ныбжьэгъуэм бийр яГъэгуIэзэрт икIи куэд мышIоу ди къэрал гъунапкъэм и узгури кьабзэ ящIыжащ.

Хэкуми щыгъупщакъым и хуитныгъэм зи псэр щIэзыта и быныр. Зыщалъхуа ЯныкуеуI къуажэм и уэрамыщхьэм абы и фэеплъ щагъэуващ. А сыным деж кхъыдригъэуI мэщIагъэуэ кьуажэдзэ балигъэхэри еджакIуэ цIыкIуэрэ.

Совет Союзым и ЛIыхъужь Байсултанов Алим лъэужьыншэу кIуэдакъым. И къуэ Валерий лётчик хъужащ. Ар илъэс кьокIуэж и адэр щыпсэуа къуажэм икIи зэманыр зэрыкIуэр щыгъупщэжауэ куэдрэ бгъэдэтщ и адэм и фэеплъ лъапIэм. Бгъэдэтщ, и адэм нэхърэ нэхъыжь зэрыхъжам, абы хуэдэу Хэкум кьызэрыхущIэкIынуми егупсысу, игъащIэкIэ езым нэхъэ нэхъыщIу кьэна и адэм щхьэкIэ и нэпс хэмыубыду.

ХЬЭФИЦIЭ Мухьэмэд,
УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и пэжьакIуэ.

Щапхъэ зытрахт Гъумар

● Фэеплъ

И ныбжьыр илъэсищэм нэблэгъэпауэ мы гъэм и гъатхэпэм дунейм ехьжащ Хэку зауэшхуэм жыдэжру хэта, дзэ хостищэм и полковник Мырзэкъан Гъумар. Абы и гъащIэр щIэблэм я щапхъэщ икIи хуэфащэ дыдэу Вагъуэ Плъыжь орденыр, «Кавказыр зэрихъумам папщIэ», «Зауэм къыщигъэлъэгъуа лIыгъэм папщIэ», нэгъуэщI медаль зыбжанэ къыхуагъэфащащ.

КъАРМЭХЬЭБЛЭ (Каменномост) щыпсэу Мырзэкъан Хьэжбэчыр и унагъэм 1920 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 25-м иралъуа щIалэм Гъумар фIащащ. Адэанэри лъэпкъри абы фIы куэдкIэ щыгугъырт икIи я нэхъыжьхэм я хъуэпсапIэхэр дунейм кьытехьа цIыкIум игъэпэжащ, и гъащIэ кIыхьым зытеуэкIытхьыжьхэм зы Iуэхугъуи кьыIэщIэмыщIэу, зыпэрыта Iэнатlэхэр пщIэрэ щытхъурэ хэлъу игъэзащIэри.

Къармэхьэблэ дэт курыт еджапIэр екъуIэныгъэкIэ кьиуха нэужь, Гъумар щалъхуа жьлэм лэжьэн щыщIидзащ щIыхьэ студиен и секретару. Ялъэ зыпэрыува Iэнатlэр абы фIыуэ ильэгъуащ икIи и гъащIэ псор абы ирипащ. Орджоникидзе (иджы Владикавказ) дэт юридическэ курсэр 1940 гъэм кьиухри, Мэздэгу пэмыжьыжьэу щыта Курской районым и прокуратурэм следователу ягъэкIуащ.

Хэку зауэшхуэр кхъэлеиным зымащIэ дыдэ ильэу, 1941 гъэм и мэкъуэгъуэгъэм, унагъуэ иухуащ, я кьуажэм щыщ Лыхъэ япхуу тхьэлухудыр псэгъу ищIри. АрщхьэкIэ я насыпыр пIалъэкIэ фашист зэрыпхъуэкIуэхэм псынщIэ дыдэу кьызэтракъутащ.

Бийр Хэкум ерыщу кьышцебгъэрыкIуэм Мырзэкъан Гъумар щIыхьэбгр кьызэщIирихьэлIэу кьалэныр гъэзащIа хъуащ. НэмыщIэхэм а щIытIыр кьызэранэкIыфаркъым икIи мыгувэу «Красная звезда» газетым кьытрадзащ «Сэ Мэздэгукъэ афIэкIа згъэзэжкIи» псалъащхьэм щIэту нэмыщI генералым жиIахэр. Бийр Мэздэгу и деж къыщыхэтрагъэуэрыIэныжьмкIэ хуабжу сэбэп къыуат Гъумар и гупым я лэжьыгъэ щхьэпэр. Абы къыхэкIыу Мырзэкъаным «Кавказыр зэрихъумам папщIэ» япэ къэрал медалыгъэ лъапIэр къыхуагъэфащащ.

ИужькIэ, политкурсхэр ирихъэлIэу, Мырзэкъаныр хагъэхьащ Кавказ Ищхъэрэ дзэ округым щыщ частхэм ящыщ зым. Ашхабад, Калининград, КъуэкIыпIэ Жыжьэм, нэгъуэщI щIыпIэ кIуэ мэ кьулыкъу щищIащ абы икIи дэнэкIи и зэманыр кьаруи щеблэжакъым. Иужь илъэс пщыкIутIым Грознэ кьалэм дзэм щыхэтащ.

Кьулыкъу щIэныр иухыу, пенсэм кIуа иужькIэ, 1971 гъэм Мырзэкъан Гъумар КъэбэрдейБалъкъэрым кьигъэзэжащ. Илъэс куэдкIи адэжь щыпсэужащ КъБР-м Юстицэмкlэ и министерствэм.

Унагъуэ дахи кьызэрынэкIащ абы. Ипхъу нэхъыжь Маринэ КъэбэрдейБалъкъэрым УхуэныгъэмкIэ и министерствэм щылэжьащ, и кьуэ Валерэ Ракетдзэхэм я академиер Ленинград кьищиухри, полковникыу адэмэм хэскIу. Ипхъу нэхъыщIэм Налшык макъамэм щыхуеГасэ. Ипхъу и нэхъыщIэм Налшык макъамэм щыхуеГасэ зыгъэкIуэтэн кьуэрыльхъу-пхъурыльхъухэри кьыщIэнащ.

«Дунейм тетыухэр ар уэрщэрэгъу гъуэзэджэу, куэд дыдэ кьыджиIэжу щытащ, - игу кьегъэкIыж Гъумар и щIыпхъи и къуэ ПщIыунэ Юрэ. - Зыри димыгъэхуу ищIэжырт и гъащIэм кьыщыхъуа сыт хуэдэ Iуэхугъуэри. Дерс щхьэпэ кьызыхэтхэн чэнджащ куэд кьытхуигъэнащ абы».

ХЬЭТАУИслъам.

Хуитыныгъэм щIэзэуахэр

ЦIыху тхыдэм зауэр сыт щыгъуи зэрыхэувэр гуауэшхуэ къыззэпэкI, къыкIэлъыкIуэ ныбжьыр щIэин хьэлъэкIэ зыгъэгуэх къэхъукъащIэущ. Урымхэм зэрыжаIэм ещхьу, гъащIэ егъэджакIуэ мыхъуу, ар лъэпкъэмрэ динхэмрэ ззэкъушт щыхъуэ щыхъур мащIэкъым. Зауэм и уцIе гуащIэм щыхухэр щхьэхуимыту зэгурыIуэныгъэм, щабагъэм, тэмакъкIыхьагъым къыхуегъэуш. Апхуэдэ щапхъэ хуэмурэ мэхъу щхьэхуимыту нэгъуэщIынэкIэ дыззэныгъэплъ Кавказ зауэри.

ИЛЪЭС блэкIам екIуэкIа дунейпсо щIэныгъэ зэлущIэкэ Кавказ зауэр илъэси 152-рэ зэрырикъуам теухуауэ щытащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Краснодар щIыналъэм, Адыгейм я унафэщIхэм я Администрацэхэми ахэр зыдэлажьэ цIыхубэми а лъэхъэнэ гухэщIхэм зи псэр хэзына лIыхъужьхэр зрагъэпэлащ. БлэкIа хьэлъэр дигу къэзыгъэкIыж зэпыт езы Кавказ зауэм и тхыдэми укъыхуреджэ лъэпкъ псоми мамырыгъэкIэ уадекIуэкIыным нэхъыфI зэрыщымыIэм.

Кавказ зауэм епха Іуэху зэIымыбзэр зэпкърыхьным щIэныгъэлI куэд йолажь. ИтIанэми, апхуэдиз зэман зэрыдзэкIам хуэдэу, тхыдэджхэм я еплъыкIэхэр щхьэ зыхэлажькIыкI лъэхъэнэм зекIуэ къэрал зэхэтыкIэм ехьэлIауэ къонэж. Иужьрей илъэс зыбгъупщращ Іуэхур и пIэм икIауэ, къэралым а лъэхъэнэм къэхъуахэр къэгъэнэIуэжьын зэрыхуейм теухуа и Іуэху бгъэдыхьэкIэр тIэкIу иригъэфIэкIуауэ къэпльыпэ хъун хуэдэу зыщихьуэжар. Иджырей тхыгъэхэм уаэплъэмэ, гупсысэкэр щызэтемыхуэ къэхъуми, гу лъыботэ щIэныгъэлIэм, лъэныкъуэ гуэрым фIэмылIыкIыщу, Іуэху еплъыкIэ пыухыкIа зэраукъуэдиифым.

Адыгэхэм Кавказ зауэм емыгупсысыпIэ яIэкъым. Нобэр къыздэсым нэсу зэпкърыха хъуакъым 1829 гъэм Урысеймрэ Тыркумрэ зэращIылIа Андианополь зэгурыIуэныгъэр. Арат къэралитIым яку дззэрыхьа Шэрджэсеим Урысейр наIуэу ебгъэрыкIуэну хуит зыщIар.

А лъэхъэнэм Кавказ Ищхъэрэм щызэхэзэрыхьа Іуэхугуэ куэд щхьэусыгъуэ хузхъуащ зауэр къэхъеиным. А зэманым Урысеймрэ Уэсмэн къэралыгъуэмрэ я зэхущытыкIэрат пщэдейрей махуэр зыхуэкIуэнур зэлъытар. Апхуэдэ геополитикэ зэхущытыкIэ гугъум и кIуэцIкIэ адыгэхэр гъэнэгъу къэралхэм зэрабгъэдэт щыкIэр фIыуэ зэщхьэщыкIырт: зы Іыхьэм Тыркум и лъэныкъуэр къыхахащ, адрейм - Урысейр. Тlум щыгъуэми лъэпкъым зэрихуэр зэрызихъумэжьын Іуэхут.

ЕпщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм и пэр, и кур, и кIэр зэпльытмэ, Урысеймрэ адыгэхэмрэ я зэхущытыкIэм зимыхъуэжу сыт щыгъуи зы теплъэ иIауэ пхужьIэнукъым. Лъэпкъым и щIыбкIэ къыбгъэдэт къэралхэм зэрадекIуэкIми, езы лъэпкъым и кIуэцIкIэ къыщаIэт Іуэхуэми мыхьэнэшхуэ иIэт. ГъэщIагъуэнц Кавказым екъэпIа политикэр зэм щабэу, Іэщэ къыхэмыхьэу, зэм ткIийуэ, зэрыщыту къарум тещIыхьауэ зэрекIуэкIар. ЕпщыкIуиянэпIэщIыгъуэм и кIэм хы фIыцIэ дзэр Псыжь дзэ зэрырагъэтIысхьам къигъэлъагъуэрт Урысейр Кавказым нэхъ кууэ ихьэну зэримурадыр. Абдежым щегъэжьауэ къззакъэр Урысейм Кавказыр къыззризэу къару хъуащ.

Къыхьэпlэ Кавказым пащтыхьыгъуэр ебгъэрыкIуэныр къызыхэкIар адыгэхэм я хъунщIэтеуэзэра хуэдэу щыжаIэ. Апхуэдэ зэм ягу къэгъэкIыжпхъэщ адыгэ шууейм хъыжьагъэр лIыгъэм и щапхъэ телъыджэу тхыдэм зэрыхэтри адыгэхэм мыльку я плъапIэу зэрыщымытари. ЗэхэщIыкI зиIэ урысей цIыхубэм игъуэджэу къильыта, XIX лIэщIыгъуэм и япэ Іыхьэм Ермолов Алексей зэрихьа лейращ зэпэщIэтыныгъэр къэзыгъэхьеяр. Иужьрей нэхъ политикэ щабэм зрагъэжьну хэтам, абдежым къыщыунэхуэ гуанэм адыгэ-урыс зэхущытыкIэр ткIийуэ къигъэнащ.

Къыхьэпlэ Кавказымрэ Урысеймрэ я зэхущытыкIэр нэхъыбэу зэлъытауэ щытар Уэсмэн къэралыгъуэм Ищхъэрэ-Къухьэпlэ Кавказым щызэрихьэ политикэрат. Адыгэхэр Тыркум и пэщIэтт, хы Іуфэм Уэсмэн быдапIэхэу Іэнэпэрэ Суджук-къалэрэ Іуттт. ИтIани, Тыркур а зэманым адыгэхэм я Іуэхум иджыри куууэ къыхэIэбэртэкъым, нэхъыбэу къафIэIуэхур диныкъо затумрэт.

XIX лIэщIыгъуэм и тIощI гъэхэм Тыркум Ищхъэрэ-Къухьэпlэ Кавказым къыщиIэт лэжьыгъэхэр нэхъ щIегъэхуабжьэ. Уэсмэн политикэм исльам диным нэхъ зригъэубгъуу адыгэхэр зэкъуигъэувэну мурад ещI. Ар игъэззэщIэну Іэнэпэ Хьажьы-Хьэсэн Шэшэн-Оглу ягъакIуэ. Хьан-Джрий зэритхыжьымкIэ, тырку лIыкIуэм адыгэхэм пщIэ хуащIу щытащ, ар «и унафэм щIигъэувэн хуей щыналъэм теухуауэ зылъэIэсыф псори къыззрищIэным иужь итащ; я хабзэхэм, уэрэдыжьхэм, хъыбархэм, Іуэрыуэтэм щIэупщIэрт: езым зэрыжиIэмкIэ, тхыльым и тхыдэ зимыIэ лъэпкъым дежкIэ зауэлI хъыжьаргъэм зиужьын папщIэ абыхэм я мыхьэнэр ин дыдэу щытын хуейт».

Дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм мыхьэнэшхуэ яIэт хы фIыцIэ Іуфэм урысхэмрэ адыгэхэмрэ щызэдрагъэкIуэкIа сату Іуэхуэмри. Гёнуе щыщ затуущI Скасси Рафаэль адыгэхэм щэн-щэхуи Іуэху къаэзэрдиIэтыным 1816 гъэм и фIэщу елэжьын щIидзат. Ильэситху докIри, ар «Шэрджэхэмрэ абазэхэмрэ я сату ІуэхуэмкIэ Іуэхущ1ап1эм» и унафэщIу мэув.

Урысхэм я Іулыджьу игъэлъэхъшэн папщIэ, Хьэсэн-пэщэм Іэмал зэрIэкIэ Скасси Рафаэль зэран зэрыхуэхъуным иужь итт. СкассикI лъэкI къимыгъанэу тырку лIыкIуэм пэщIэтт. А тIур зэрызэныкъуэкъуар и щыхьэтщ Урысеймрэ Тыркумрэ я ныIэпэ яхуэхъуу щыта лъэпкъыр щызэбгъэщIыхуфынур. Хабзэжьхэр, Іуэрыуатэр, цIыху зэхэтыкIэр зэрыпаубдауэ зэрыщытам.

Хьэсэн-пэщэм иджыри адыгэхэм я лжэрихьэт хейщIапIэхэм зыщригъэукъуэдиину иужь ихьат. Адыгэхэр а Іуэхум зэрыхущытар 1826 гъэм натыхъуейхэмрэ шапсигъэхэмрэ я зэхуэсым щагъэIуащ: «Дэ мусЛъымэныгъэр дину къыхэтхащ, ауэ ар зэрызетхэнур дэ ди гукъыдэжкIэщ, зыми зэрыхедгъгъэзыхьынукъым».

Къухьэпlэ Шэрджэсеим щыкIуэкI Іуэхугуэхэм фIыуэ хэIэбащ 1853 - 1856 гъэхэм екIуэкIа Кърым зауэр. Инджылызымрэ Франджымрэ ялъэкI къамыгъанэу Урысейм зэреныкъуэкъун Іэмалу адыгэхэр къагъэщхьэпэну хэтт. **1854 гъэм Пальмерстон-лордым Шэрджэсей къэралыгъуэ щхьэхуит къызэригъэпэщыну иужь итащ**. Адрей къухьэпlэ политикэм Шэрджэсей къэралыгъуэр зэм Инджылызым, зэми Тыркум и жьауэ щIэтын хуейуэ ялъытэрт. Тыркури, Инджылызри, Франджыри щхьэкIэ щыгъэщащ Кхъэпlэ Кавказым щыIэ Щамил и лIыкIуэ Мухьэмэд-Іэмин. Арщхьэкlэ езыхэм я мурадхэм теIэбэныжьмкIэ адыгэхэр къагъэсэбэпын хъуэпсапIэр абыхэм къайхъулIакъым. Псыжь адрыщI щыпсэу адыгэхэми адрей кавказ лъэпкъхэми Урысеймрэ пщIэт Тыркум и лъэныкъуэ къащтэн дэнэ къэна, Уэсмэн къэралыгъуэм «и жьауэ щIэувэн» гукъыдэжми ткIийуэ пэщIэуваэ хэщ.

УРЫСЕЙ-адыгэ зэхущытыкIэр сыт щыгъуи зы щытыкIэм итауэ пхужьIэнукъым зауэм и кIыхьагъкIэ. Псори зэлъытыжар езы Урысейм Уэсмэн къэралыгъуэм, Инджылызым, Франджым ядригъэкIуэкI политикэрат. Ардыдэр пхужьIэнущ адыгэхэмрэ тыркуэмрэ яIа зэхущытыкIэм теухуауи.

Зихьэж зэпытт адыгэхэр Щамил и Іимамратым зэрыбгъэдэта щыкIэми. Кавказым Урысейм дригъэкIуэкI бэнэныгъэр щекIуэкI лъэныкъуитIми щхьэж и кIэ иIэжт. Псыжь адрыщI Щамил щригъэкIуэкIа лэжьыгъэм лъабжьэ хузхъуар адыгэхэр зы къарууэ зэкъуигъэувэу я щхьэ иригъэхъумэжьын плъапIэрт. Щамил и къэралыгъуэр къызэрыунэхуар Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъхэр я щхьэ къыщыщIэхьэщыж зауэ губгъуэм зэрызиубгъуам и нэщэнт.

Адыгэхэр пащтыхьыгъуэм зэрыпэщIэтар лъэпкъ зэщIэхъееныгъэ абрагъуэ хъуат, хуитныгъэм щIебэныныр и лъабжьэу. Абы зэрыльпкъыу къызэщIиубыдэрт. Шэрджэсеим и зауэлIэжьмахьклкIэрт пщыхэр, уэркъэр, пщIэ зиIэ нэхъыжьхэр. Къару лъэщу а бэнэныгъэм хэуващ мусЛъымэн щIэныгъэлIэхэр.

Кавказ зауэм и кIуэцIкIэ адыгэхэр зэрызэкъуэува щыкIэм къеГъэлъагъуэ ар лъэпкъым къару къэугъуэикIыпIэ зэрыхуэкъуар. ИтIани, Іуэхур нэгъэса хъуфакъым. Адыгэхэр зэкъуэувэну зэрыхэтам и щапхъэщ 1861 гъэм екIуэкIа Меджлисышхуэр.

Зауэм и иужьрей илъэсхэм адыгэ дуней тетыкIэр къэтIэсхъат: цIыхухэр зыхэпсэукI, зым адрейм зэрызыщIигъакъуэ Іэмалхэр лэжьэжьртэкъым. **Кавказ зауэм кьрикIуа нэхъ Іуэхугуэ хьэлъэ дыдэщ хэкур зей лъэпкъыр и щIыналъэм къарукIэ иракуу лъапсэрыхьр къызэрыхуагъэкIуар**. Абы и Іуэжьу Кавказым цIыхугум тыншу зыщимыIэтыжькIэ лъэпкъ зэхэтыкIэ гугъуэрэ гъащIэ хэльэрэ къыщыунэхуауэ щытащ.

МЫЩОКЪУЭ Мусэбий.



155

Бгырыс нэгъэсам и щапхъэ фылъыхъуэ

* * *

ДИ ЗЫПЛЪЫХЬАКIУЭМ зэрыжиIэмкIэ, адыгэ псыхъуэхэр беягъкIэ Швейцарием щыIэхэм йофIэкI. Псыежьхэхэм я нэхъ къабзэхэм къагъэщIыIэтыIэу, абы пхъэщхьэмыщхьэ къыщыкI мэз абрагъуэхэм, апельсин, зейтун жыгхэм уащроХьэлIэ.

Аращи, цIыхухъуэхэри, бзылъхъугъэхэри, щыхэри, пхъэщхьэмыщхьэхэри, удз гъэгъахэри, мэзхэри, уафэри, щIыуэпсри - псори дахагъэ къызэрымыкIуэм щIиIэпгъэщ Шэрджэсеим.

СКАССИ Рафаэль,
Бгырыс лъэпкъым ядэлэжьэнымкIэ Хамэ къэрал коллегием и лэжьакIуэ. 1816 гъэ

Адыгэ зауэлI.
Сурэтыр **Уильям Аллан** *ищIащ. 1843 гъэ*

Кхъухьищ нэгъхъейуэ псы Іуфэм Іутт

Адыгэхэр къезышэлIа кхъуафэхэр лъэмыж щIыкIым и гъунэм Іутти, гурыIуэгуэт каранти-ным къашэ а тхъэмыщкIэхэр абы и кIыхьагъкIэ кърикIуэн хуей зэрыхъунур.

МАФIЭ зэщIэгъэнамрэ жэщ уэздыгъэхэмрэ ятридзэу япэу си нэр зытехуар тырку зауэлIхэм лъэмыж щIыкIым и щхьэ егъэзэлхауэ траукъуэдия хьэдэшхуэрат. Абы ибгъукIэ лIы абрагъуэ блэкIырт; кIыфIым абы и нэкIу зэхэлъыкIэр хэслъагъуэкIырт; ар, ауэ хуэмурэ, ипжкIэ кIуэтэху, абы щы Іуэ зэдэкIа и пыIэ папцIэмрэ и бгъэгум зэпрыкIыу шэ сатырхэм ягъэщIэращIэ тепхъэшхуэмрэ гу лъыстэну сыхунэсащ; и ныбэм хуэзэу сэшхуэ кIэрыщIат. ДэкIуеипIэхэм нэса нэужь, ар тэлайкIэ къэувыIащ, Іэнкуну пIэрэ жьипIэу, къехыну хуежьащ, арщхьэкIэ хьэлъэу ехуэхри, джэлащ; Іуамыпхыу хъуакъым; апхуэдэ теплъэгъуэхэм емыса дэ гупыр тхуэмышэну дыкъыхэощIыкIащ. ЕтIуанэм ЧэфыМ ещхьу кIъежьэри, хьэуа жьэдишэну къэувыIащ, итIанэ къэмэхри джэлащ, афIэкIа къэмэтэджьжыну. Апхуэдэт ещанэри, еплIанэрэ.

Лъагагъ абрагъуэ, зекIуэкIэ уардэ зиIэ а цIыхухэм ящыщ закъуи а дэкIуеипIэ цIыкIуитIым къехьифакъым. Хьэдищ-плы зэрыIуахам гу лъытащ... ЛIауэ пIэрэт ахэр? ИлъэсипщI-пщыкIытI зи ныбжьын сабиитI къежьащ зым адрейм зыщIигъакъуэуи, дэкIуеипIэм ятIысхьахэщ, дэIэпыкъуэгъу зызыгъэгъэм щыгугъыу. Зы сэлэт ябгъэдыхьэри сыхьэтэгъэджащ а тIур, арщхьэкIэ зэриутIыпщу, зым щыIтеджалэу мывэкIэщхьым хэхуахэщ. Къъуафэхэм я зым зищIысыр мыгурыIуэгъуэ хьэлъэ гуэр кърадзащ. Дакъикъэ зыбжанэкIэ щыIа нэужь, абы зигъэхъеин щIидзэри, пхъэбгъум тельу ди лъэныкъуэкIэ къэпщу хуежьащ. ПыIэ зэрыщхьэрымыгъымрэ щхьэц кIыхь зэрытетымкIэ кIэ къыдгурыIуащ а псэущхьэ зэбгъашар зэрыцIыхубзыр, карантиным и псэр къихьу къэпщу. ИтIанэми, зы щэIуи, зы кIий макъи, зы псалъи къажьэдэIукIакъым а екIуэлIапIэншэхэм, я псэм телъ гузэвэгъуэмрэ хьэзабымрэ къызэраIуэтэн Іэмал закъуэри зыщыгъупщэжауэ кхъыпфIэзэригъэщI насыпыншэхэм.

А теплъэгъуэ гущIыхьэхэм дигукъэ ираудауэ дыIукIыжащ.

Щхьэгъубжэм сыбгъэдыхьэри, маззэм и нэхур тридзэу кхъухьищ къэслъагъуащ, нэщхьейуэ псы Іуфэм Іутт.

Хьиим имытыж сут хуэдэ гуауэшхуэрэ бэлыхьышхуэрэ ягъэпщкIуэрэт маззэм толлъкъун дыжьыныфхэм япхиша лъагъуэ нэху зэщIэпщIыпщIэм, пщыхьэщхьэ жьыбгъэ мэ гуакIуэм щэхуу щыщIиупскIэ а теплъэ фагъуэзэж.

Де МАРИКУР Леон.
«Сент-Сиррэ Иерусалимрэ» тхылъым щыщ гукъэкIыжхэр. Париж, 1868 гъэ

● Дифl догъэлъапIэ

Зэманым декIуу псэу Щомахуэ Мухьэмэд

Зи гугъу фхуэтщIыну нэхъыжьыфIым и цIэр ирапх цIыхугъэ лъагэм, зэхэщIыкI куум, пэжыгъэ нэсым, псэ къабзагъэм. Ар и Іуэхущ1афэ дахэхэмкIэ, и гъащIэ купщIафIэмкIэ жылагъуэм цIэрыIуэ щыхъуа Щомахуэ Мухьэмэдщ. Іуэхугъуэфl куэд зи щыбагъ къыдэлъ Мухьэмэд и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 80 ирикъуащ.

БАХЪСЭН щIыналъэм хыхь Къызбрун ЕтIуанэ къуажэм 1939 гъэм и накъыгъэм къыщалъхуащ Мухьэмэд. МэкъумэшышIэ унагъуэм къихуа сабийр гуащIэдэкI лэжьыгъэм щIапIыкIащ. Абы зэрыжиIэжьмкIэ, лэжьэн щыщIидзари щIэжьыкрыым, сыту жьIпIэмэ иджыри цIыкIуу, школакIуэ ныбжьым нэмысауэ, и адэшхуэм и гъуэгу ВакIуэ дэкIыу щытащ. ШIалэ цIыкIр адэшхуэм хуищIа тетIысхьапIэр выбжьым тепхаэу, езыр абы тесу лажьэрт. Апхуэдэу Мухьэмэд выхэр зэригъакIуэрт, адэшхуэм вабдзэр иIыгъэ губгъуэщIыр ивэрт.

- Апхуэдэу си нэгум къыщIоувэж си сабиигъуэ пасэр. Абы лъандэри сымылэжьауэ зы махуэ сыпсэуауэ сщIэркъым, - игу кьегъэкIыж Щомахуэм щыцIыкIуа лъэхъэнэр. - Уеблэмэ школым сыщыщыщIэса илъэсхэми еджэным лэжьыгъэр дэсху щытащ, зэрыбынибгъу дихьу ди унагъуэшхуэр зыхуэят хуэзыгъаза си адэ-анэм защIэзмыгъакъуэу хъуртэкъыми. Ауэ зыкIи сыщIегъуэжьыркъым абыхэм щхьэкIэ. Лэжьыгъэращ цIыхум и хьэл-щэнхэм ящыщ куэд зэтезыгъэувэр, и зэманыр иIыэтэрэ и гурыIъ псоми зэрыхунэсын ерыщагъэ къыхэзылъхьэр.

Курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ 1958 гъэм къиуха нэужь, щIэныгъэ адэкIи зригъэгъэтыну щIэхъуэпсми, Мухьэмэд слесарь лэжьэн щыщIидзащ Бахъсэн кьалэм дэт «Мэкъумэштехникэ» зэгугъэныгъэм. Лэжьыгъэм хуэIэижь хъуауэ екIуэкIыу, щIалэщIэр дзэм ираджащ икIи илъэсищкIэ къэралым кьулыкъу хуищIащ, щытхъурэ фIыщIэрэ зыхуагъэфащэхэм ящыщу. А илъэсхэм абы иджыри и гум ихуртэкъым и хъуэпсапIэ зэкIэ - еджэным пищэныр. А гуращэм Мухьэмэд щылъэIэесыфар дзэ кьулыкъум къикIыжу зы илъэси дэкIыжа нэужьщ.

1964 гъэм ар щIэтIысхьащ КъБКъУ-м и химие факультетым икIи илъэситхукIэ еджэри, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтащ. Студент илъэсхэм къыщыщIэдзауэ Щомахуэр дихьэхырт хъхутэныгъэ хьэлэмэтхэм. ІэщIагъэлI щIалэр лэжьакIуэ здагъэкIуа НЗПП-р щIыпIэ промышленностым и Іэнатlэ нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщт а зэманым. Зи ныкъэм гурэ псэкIэ пэрыува Щомахуэр щIэх дыдэу Іуэхум хэзэгъащ. Химик Іэкlуэлъакlуэм бгъэдэлъ щIэныгъэ куур къызыхуэтэшIзу ирихьэлIащ проводник ныкъуэхэм къыхащыкI Іэмэпсымэхэр фIагъ лъагэ яIэу къыщIэгъэкIыным. Лэжьыгъэм щызыIэригъэхъэ екIуэлIэныгъэхэм мызэ-мытIзу кьапэкIуащ щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. Мухьэмэд и сурэтышхуэ фIэлъауэ щытащ Крупскэм и цIэр зэрихьэу Налшык дэта библиотекэм (иджы Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхъэ Лъэпкъ библиотекэ), ди республикэм и къэхутакIуэ нэхъыфIхэм яхэту. Коммунист пашэу къекIуэкIам ноби игу ихуркъым и зэманыгъуэр щихьа совет лъэхъэнэр, ещIэж икIи пщIэшхуэ хуещI а зэманым.

Заводым фIы дыдэу щылажьэ Щомахуэр иужькIэ химик нэхъыщхьэу ирагъэблагъуэу щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и токсикологие лабораторэм. Абы и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщт Къэбэрдей-Балъкъэрым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Шэшэным, Ингушым, Дагъыстэным кьыщыщIагъэкI шхыныгъуэхэм узыншагъэм зэран хуэхъу пкъыгъуэхэр яхэлъмэ, кьипщытэну. А Іэнатlэр хэрзынэу зэфIигъэува нэужь, НЗПП-м и унафэщIым и лъэIыкIэ Щомахуэм заводым кьигъэзэжауэ щытащ.

ІэщIыгъуэ блэкIам и 80 гъэхэм я пэщIэдзэм Мухьэмэд КПСС-м и обкомым и унафэкIэ Москва ягъэкIуащ. Щыхьэрым щыIэ, спорт щыгъынхэр щад, къэхутэныгъэхэр щрагъэкIуэкI фабрикэм и куадам ди республикэм къыщызэрагъэпэщын хуейти, Щомахуэм пщэрылъ щащIащ а Іуэхум кууэ зэщIигъэгъуазэу а фабрикэм и кьудамэ ди щыпIэми къыщыззригъэпэщыну. Мухьэмэд ягъуэващ Москва дэт фабрикэм и унафэщIым и япэ кьуздзэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыззIуахыну абы и кьудамэм и унафэщIу. Пщэрылъ къыхуащIа а Іуэхури щытхъу иIэу зэфIигъэкIащ Іэщ1агъэлI Іэзэм.

Къэралыр щыпIэлъэжу зэхъуэгъэкIыныгъэщIэхэм я лъэхъэнэр хъыщихьэм, ижьрейуэ зыпэрыта икIи дзэыхьэха спорт унэтIыныгъэр Іэщ1ыб хуэщIакъым Мухьэмэд. Ар илъэс куэдкIэ щылэжьащ «Кристал» щIалэгъуалэ спорт комплексым, абы и тхьэмадэм и кьуздзэ кьалэныр игъэзащIэу.

Апхуэдиз лэжьыгъэр ныкъусаныгъэншэу зэфIэзыха Щомахуэм и цIэр фIыкIэ куэдрэ кьаIэтащ. Абы кьыхуагъэфэщащ дамыгъэ лъапIэхэр, щытхъу, фIыщIэ тхылъ куэд. А поэм Мухьэмэд къилэжьащ лэжьыгъэм псэ хьэлэлу зэрыпэрытамкIэ, и щIэныгъи и зэфIэкIи къэралым и ехъулIэныгъэм зэрыхуигъэпсамкIэ.

Щомахуэр пенсэм кIуами, зэи Іуэхуншэ хъуркъым. Ар жьыджэру хэтщ республикэм, кьалащхьэм щекIуэкI жылагъуэ Іуэхухэм, ядолажьэ пенсионерхэм, лэжьыгъэм и ветеранхэм я зэхьихьэныгъэхэм, нэгъуэщIхэми.

А псом нэхъри Щомахуэм егъэнэхъапэ зэману иIэр зытригъэкIуэдэну хьэзыр и кIуэрылъху-пхъурылъхуэр. Мухьэмэдрэ абы и щхьэгъусэмрэ бынищ зэдагъуэтащ: кьуитIрэ зы зыпхъурэ. Ахэр псори гъащIэм гъуэгу пэж щытрагъэуващ, щIэныгъэрэ Іэщ1агъэрэ ирагъэгъуэтащ. Дэтхэнэри унагъуэ дахэ хуэжьауэ мэпсэу.

- Зэщхьэгъусэхэм къытщIэхъуа ди щIэблэхэм я ехъулIэныгъэхэм ди гур хагъахьуэ, дунейр Іэфl тщащI, - жеIэ Мухьэмэд. - Си сабиигъуэм гугъу сехьами, жьыщхьэ махуэ сыхъуащи, Тхьэм фIыщIэ хузощI.

Дэри ди гуапэу дохъуэхъу нэхъыжьыкIыфIым. Уэзышагъэ иIэу, дэрэжэгъуэмрэ гуфIэгъуэмрэ щымыщIэу, и пщIэр лъагэу, быным, абыхэм я щIэблэм я насып илъагуу, и жьэгур мыужьыхьыу куэдрэ и унагъуэм Тхьэм ящхьэщигъэт.

КЪАРДЭН Маритэ.



Шэрджэсым и унафэщIхэр
Убын псым деж щызэхуос. *1861 гъэ*

Адыгэхэм ятеухуауэ жаIахэр

ШЫР адыгэм и етIуанэ псэщ. Зы лъэныкъуэкIэ, адыгэм и шыр нэгъэсыпауэ зыхуей хуегъаазэ, ауэ иригъащIэри уи нэгу къыпхущIэмыгъэхьэн защIэщ. Шыхэр зэрыцIыкIурэ зауэм щымышынэу, фоч уэ макъым имыгъащIэу, шууейм и макъыр кьнцIыхуажу, и унафэм едаIуэу ягъасэ. Сыт щыгъуи укъегъэуIэбжь нетIэ зэхэзэрыхьауэ хъуакIуэу плъэгъуахэр напIэзыпIэм зейм кьигъуэтыжарэ зауэ Іэнатlэм Іухьэну хьэзыру къызэрагъэувым. Зэрелlалlэщхуэ щымыIэу, псынщIэу уанэ зэрытралъхьэм, езыхэри зэрыIэкIуэлъакIуэм и фIыгъэкIэ, адыгэр европей шууейм елъытауэ, тIуклI нэхъ псынщIэу мэшэс.

ЛАПИНСКИЙ Теофил

Адыгэ Къэлэмыр
Махуэ
Адыгэ Республикэм и Парламентымрэ и Правительствомрэ я гъэзетыр

Зауэхэр мыхъуатэмэ...

Хэку зауэшхуэм теухуа дауэдапщэхэр яухащ. Зы зэманкIэ тщхьэщыкIауэ пIэрэ жысIэу согугъэ зауэм теухуа фильмхэр, нэтынхэр. Аэрэ апхуэдизкIэ гуузщ, цIыхуцIэ зиIэм хуумыгъэфащэ залымыгъэкIэ гъэнщIащи, псэм къытохьэлъэ, а псом пхыкIын хуей хьуахэм ящу гущIоу. Зэ фIэкIа дунейм укъытемыхьэну, цIыху гъащIэ кIэщIым ажалыр и тепщэ щыхьукIэ гущIыхьэщ.

ЗЫ ЗАУЭМ и гугъу здащIым, дяпэкIэ къэхъункIэ хьунуми топсэлъыхь. Къыпфlэщlынщ ар Iэмалыншэу, хэкIыпIэ къызыхуумыгъэтыфынт гъэру.

Урысейр дяпэкIэ зы зауэ хэмыхьэжми, щIэблэщIэблэкIэ ялъэгъуар ярикъунщ. Зауэр зэриухрэ илъэс 75-м нэсами, и щIым хуэфэщэн цIыху бжьыгъэ хуэзгъэпэщыжкъым. Мы псалъэхэр щIэзгъэбыдэнут Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академиемк дунейпсо экономикэмкIэ и Институтым и къудамэм и унафэщI Миркин Яков кьихь бжьыгъэхэмкIэ.

1897 гъэм Урысейм и иджырей щIынальэм щыпсэут цIыху мелуан 67,5-рэ. ЩIэныгъэлI Менделеевым жиIэу щытащ 2000 гъэм екъулIэу цIыху мелуан 594-рэ Урысей империем иIэну. Иджырей Урысейм тещIыхьауэ къапщтэмэ - цIыху мелуан 310-рэ.

Апхуэдизэ дихьхьфынут революцэхэр, абы къиша зауэр, гъаблэр, цIыхухэр къэралым зэриIэпхъукIар, кIыкIэлъыкIуэ зауэшхуэр мыхъуатэмэ.

1900 гъэм США-м цIыху мелуан 76-рэ исауэ аращ. 2000 гъэм ахэр мелуан 281-м нэсу бзгъащ (хуэди 3,7-кIэ нэхъыбэ). ГурыIуэгъэщ, къалъхуэ къудейкIэ апхуэдизэ зэрымыхъуфар, къэIэпхъуахэращ я кIэныр къизыигъэкIар. Къэтщтэнщ Бразилиер: 1900 гъэм цIыху мелуан 17,4-рэ, 2000 гъэм - мелуани 174-рэ (хуэдипщIкIэ хэхъуащ).

Дэ-щэ? Урысейм мелуани 146-рэ щопсэу. Мелуан 50 - 70 хуэдизкIэ нэхъыбатэмэ, щIынальэ бейр нэхъ тыншу яхуэхъумэнут, зрагъэужьыфынут, Урысейми ику, и щIхьэрэ-къуэхьпIэ хэгъэгухэр цIыхуншэ хьунутэкъым, къуажэхэр хэкIуэдэжу.

Зауэ кьэс хэкIуадэр нэхъыбэ хьууэ екIуэкIащи, къэралым зыкъыжькъыжьфкъым.

Урысейр XVIII лIэщIыгъуэм зыхэта зауэхэм щхьэуэхь яхуищIащ яуклами ныкъуэдыкъуэу къэкIуэжами - мин 500. 1800 - 1913 гъэхэм - мин 300. Апэ дунейпсо зауэм хэкIуадэхэм я бжьыгъэм и пэжыпIэр нобэми ящIэркъым, мелуан 1,45-м - 3,3-м яку дэту къабж. 1918 - 1922 гъэхэм Дзэ Плъыжьым цIыху мин 900 хэщIыныгъэу иIащ. Гъэблэмрэ узыфэсмрэ, терроризмрэ яхьаэхэр, нэгъуэщI къэралхэм Iэпхъуахэр хэплъхьэжмэ, граждан зауэм и зэманым цIыху мелуани 10,5-рэ къэралым фIэкIуэдащ.

1930 - 1940 гъэхэм зэрахьа политикэ залымыгъэм хэкIуэдащ цIыху мелуани 4 - 6 (и пэжыпIэр ящIэркъым). Абы къыкIэлъыкIуа Хэку зауэшхуэм - цIыху мелуан 26,6-рэ.

1990 гъэхэр зыхуэдар дощIэжьыхэ. АтIэ, 1991 - 2001 гъэхэм Урысейм и цIыху бжьыгъэ мелуани 2-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

Бжьыгъэм нэхъри хэмыщIым щхьэкIэ, цIыхубз къэс бынитI иIэн хуейщ. 2035 гъэм нэс тещIыхьауэ Росстатым зэрыхуигъэфащэмкIэ, къалъхуамкIэ бжьыгъэр къыпхуэIэтынукъым, кьэIэпхъуэхэм дыкъыдамыхьжмэ.

ООН-м Урысейм къыхуигъэфащэ бжьыгъэр нэхъ мащIэжщ: 2050 гъэм - мелуани 133-рэ, 2100 гъэм - мелуани 124-рэ.

Абы щыгъуэ IэщIагъэлIэр уафэм дэплъейрэ къафIэщIыр ятхыу къыщIэкIынкъым. Апхуэдизу щыщыткIэ, зауэм къыпэткIухьныщ, цIыху кьэс тхъумэныщ, щысабийм къыщыщIэдзауэ и узыншагъэм делIэнныщ, Урысейр зи хэкуу къэзылъытхэм бжэр яхуэзIутхынращ къэнэжьыр.

Зыгъэпсэхупщ1эу къыхэк1ар

2017 гъэм ди къэралым къару щигъуэтащ зызыгъэпсэхуэм ятын хуей налогым теухуа хабзэм. Ар щагъэунэхуну хэгъэгухэри ягъэбелджылащ: Алтай, Краснодар, Ставрополь крайхэр, Кърымыр.

САНАТОРЭХЭМ, зыгъэпсэхупIэ щIыпIэхэм, хьэщIэщхэм къыщыуыбыIэхэм махуэ кьэс сом 50 ятын хуейщ (балигъ мыхъуахэр хиубыдэрэкъым, а налогыр ятырэкъым унагъэшхуэхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, нэгъуэщI гуэрхэми). Ар зымытхэм къуэдыуэ сом 500 - 1000 япшын, зызыгъэпсэхуэр къыщыуыбыIа Iэхъуэщ1апIэхэм - сом мини 5-м къыщыщIэдзауэ 15-м нэс.

Мыпхуэдэ налог лIэужьыгъуэм нэгъабэ а хэгъэгуищым (Кърымыр хэмыту) сом мелуан 200 кьахуихьащ. А ахъщэмкIэ ягъэдахэ, зыхуей хуагъазэ щIыхухэм зыщагъэпсэху кьалэхэм я теплъэр, транспорт кьащэху, псыIуфэхэр ягъэкьабзэ, н.къ. трагъэкIуадэ.

ГъэщIэгъуэнщ щIыпIэ бюджетхэм къиргъэхъуапIэ ялэн папщIэ Франджыр илъэси 100 и пэкIэ мы Iэхъум зэрыхуэхIуар. Адрей къэралхэми ар щапхъэ яхуэхъуэу, хьэщIэщхэм, зыгъэпсэхупIэхэм къыщыуыбыIэ псоми ахъщэмкIэ ягъэдахэ, Арабиер, Германиеми, Испаниеми, Голландиеми, Италиеми я нэгъуэщI къэрал уклыуэну уи мурадмэ, Интернетым къыщыбгъуэтынущ «гъэхьэщIапщIэу» пIахынур.

Москва и налкъут

СССР-м и зэманым цIэрыIуэу щыта ВДНХ-м ита «Дружба народов», «Каменный цветок» фонтанхэр къагъэщIэрэщIэжауэ, нэхъ дахэж хъуауэ мы махуэхэм яутIыпщыжащ, зыльагъур яхьэхуу.

ФИГУ КЪЭДГЪЭКIЫЖЫЩIИ, ВДНХ-р мы гъэм илъэс 80 ирокъу. 1990 гъэхэм къыщыщIэдзауэ къэралым щекIуэкIа Iэхуэхэр абыи яхьэхуауэ, ауэ иджы псэщIэ Iэхьихьхьэжащ.

Зи гугъу тщIы фонтанитIри зи Iэдакъэщэкlар совет архитектор Топуридзе Константинщ. Ахэр ВДНХ-м 1954 гъэращ щыдащIыхьар. Икли псом хуэмыдэу «Дружба народов» фонтаныр ВДНХ-м и налкъуту жаIэ хъуат. Фонтаныи и хъуреягъкIэ дыщэ зытегъэлъэда скульптурэ 16 щытт, республикэхэм я Iэпхъкъ фащэхэмкIэ хуэпаущ. Пщащэхэм дыщIагъужащ псым хащIыхьауэ щыта бдзэжьей лIэужьыгъуэ 15-мрэ хьбжи (дельфин) 7-мрэ я теплъэр, ахэр 90 гъэхэм фонтаныр хэкIуэдыкIат.

Цlыху цlэрыlуэхэт скульпторым, «хъыджэбзхэр» къызытрищIыкIар. Псалъэм папщIэ, Тыркумэн Республикэм и пщащэр зытращIыкIар тыркумэн пианисткэ Аннамамедовэ Гозельт, куржыр - Амирджийн Родамт - усакIуэ Светлов Михаил и щхьэгъусэу щытам. Эстониер - балеринэ Кипле-Парсадян Вирвет. Урысейр, Белоруссиер, Украинэр - славян зэшэпхъуэхэм ирагъэщхьу я лъэпкъ фащэхэмкIэ хуэпат.

Фонтан къагъэщIэжакъэм хуэдитIкIэ псыри нэхъ лъагэу драутхей хуэщI: «Дружба народов»-р метр 20-кIэ, адрейр метритхукIэ нэхъ лъахъшэщ.

Тыкуэн цIыкIуэр дэзу дагъэуварэ СССР-м и цIыхухэм къагъэщIа беягъэр мащIэ-мащIэуэрэ хэкIуэдэжу кьекIуэкIащ илъэс 20 хуэдизкIэ. Иджы ВДНХ-р сыт хуэдэ хьщIэри здашэфын щIыпIэщ.

Сыт щыгъуэ дызыпэплъэ

ЩIэджыкIакIуэхэр сыт щыгъуи дызыпэплъэ «Іуащхьэмахуэ» журналым и зи чэзу етIуанэ къыдэкIыгъуэр къытIэрыхьащ. Номерым ихуа тхыгъэхэм ди гуапэу кIэщIу фыщыдогъэгъуазэ.

ЖУРНАЛЫМ и «ЖьантIэ» Iыхьэр кьызэIуех КъБР-мрэ КъШР-мрэ я цIыхубэ усакIуэ, «Эльбрус» тхыльэ тедзапIэм и унафэщI, Къбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат Ацкъан Руслан илъэс 70 зэрырикъур щигъэльапIэм ирихьэлIу ягъэхьэзыра тхыгъэхэмкIэ. Абы и гъащIэмрэ гуащIэмрэ теухуа напэкIуэцIхэм зыщыкъэгъэгъуэзэфынущ Нэщ1эныджж Замирэ дригъэкIуэкIа «Си кьежьапIэмкIэ згъэзэжьынт» интервью гъэщIэгъуэным. УсакIуэм и сонетхэм дахьэхъуэ щIэщыгъуэ ящыхьуну къыщIэкIынущ нэхъ гугъу дыдэу кьалъытэ а жанрым ди литературэм щыхуищIа хэлъхьэныгъэхэмрэ ирита зыужьыныгъэмрэ БакIуу Хьанджэрий триухуа и тхыгъэ купщIафIэр. Іыхьэр зэхуэщIыж. Къэзан Руслан и сонет Iэрамэкlэ. И унагъэм, лэжьэгъуэм, ныбжьэгъуэхэм, цIыху цIэрыIуэхэм я гъэсэу юбиляем зытригъэха сурэтхэри итщ къыдэкIыгъуэм.

«Пlорэз» Іыхьэм фыкъыщеджж КIэбышэ Лилэ «Си блэкIам есщIэнур сыт?» и повестымрэ абхъаз тхакIуэ Лагулаа Анатолий и Іуэтэж хьэлэмэтхэмрэ. Абхъаз расказэхэр адыгэбзэм япэу Хьэвжокъуэ Людмилэ ди лэжьэгъу усакIуэ, журналист Гугъуэт Заремэ и творчествэр щIыпсэкърих «Зи усыгъэр щIэщIыгъуэ» тхыгъэмкIэ. Абы и лэжьыгъэм къыщыхэзыгъуащ усакIуэм и «Хьэуа Іубыгъуэ» япэ усэ тхыльым ихуа сатырхэм гъащIэм и плъыфэ куэд зэрыщIэзэхэухэнар, гурыщIэр зэрыщытепщэр, хъэтI щхьэхуэ зэрИIэжыр, сатыритIу, сатырищу зэхэт строфакIэ тха усэхэр е зы едзыгъуэ фIэкIа мыхъу усэ кIэщIхэр и Іэдакъэ къыIэрыщIэкIар, бзэм и Іэмал зэмылIэужьыгъэхэуэ и усэгъэм къызэрыщигъэсэбэпыр, усэ хуэмыхэр зэззэмызэ къызэрыхэхуэр, нэгъуэщI-хэри. Апхуэдэуэ тхыгъэм къыщыхигъэбелджылыкIащ Гугъэтыр прозэкIэ тха усэхэми зэрыхуэмыхамэр. Іыхьэр зэхуещIыж Заремэ и усэ зыбжанэрэ прозэу тха и усэхэмкIэ.

«Публицистикэ» Іыхьэм ихуащ Къумахуэ Асльэн и «Адыгэ лъагъуэжьхэмкIэ», Къэрмокъуэ Хьэмид и «ПIэщIыгъуэхэм я лъужь» тхыгъэ гъэщIагъэнэжьр. Къумахуэм и лжьыгъэм дыщыхегъэгъуазэ Кавказым и кьухьэпIэм и щIыуэпсым и къулеягъэм, Адыгейм и ипщэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ къуэладжэхэм, бгыхэм, псыхуэхэм я дахагъэм. Къэрмокъуэ Хьэмид и тхыгъэм ипэщIыкIэ пхъэкIэн пасэрей адыгэ джэгукIэхэр дигу кьыщегъэкIыжри, Іуэрыlуатэм и лъахэм «дыщегъэхьэщIэ», абы и напэкIуэцIхэм щыщ хъыбар хьэлэмэтхэр къытхуеIуэтэж, эпосым дызыщрихьэлIэ Іуэхугъуэхэм, къэхутэныгъэ купщIафIэхэм я гугъу кьытхуещI.

«Культурэ» Іыхьэм фыкъыщеджж Нэщ1эныджж Замирэ УФ-м, Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я цIыхубэ артист, Урысей псом щыцIэрыIуэ композитор Нэхей Асльэн и ныбжьыр илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлIу дригъэкIуэкIа «Сэ макъамэр сытым дежи си псэм хэльщ» интервьюм.

Театрым и илъэсым хьихьу, Хьэвжокъуэ Людмилэ ХьэхъуапащIэ ФатIимэ дригъэкIуэкIа «Адыгэ театрым и вагъуэщIэ цIыкIу» интервьюм къыщыфщIэну Іэмал фиIэщ цIыхубэм ягу дихьэу утыкум щыджэгу артисткэ пажэм хэль Іэзагъэм и щхьэхэм я кIапэльапэм щыщIащ.

«ЕгъэджэныгъэщI. Гъэсэныгъэ» Іыхьэм Истэпан Залинэ и «Зи Іэщ1агъэм къыхуигъэщIа» тхыгъэм щытопсэльыхь Урыху дзт етIуанэ курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Мэрзей-Нот Зое и гуащIэм, гукIи псэкIи къыхихьа Іэщ1агъэм фIэфIу зэририлажьэм, лъэпкъыбзэм пщIэ зэрыхуищIым, и лжьэгъуэхэми гъэсэнхэми бгъэдыхьэкIэ щыхьхуэ къаззрыхуигъэтыфым, нэгъуэщIхэми.

«Іуэрыlуатэ» Іыхьэм хагъэхьащ нарт ШукIасэ и хъыбархэм щыщ зыбжанэ. Сабийхэм папщIэ къыдэкIыгъэм ихуащ щыгъэблэ куэд зыщIапIыкIа франджы тхакIуэ Перро Шарль и таурыхъ хьэлэмэтхэр. «ПIыIэ плъыжь щыкIу», «Шырыкъу зыльыгъ джэду» таурыхъэр щыкIуэхэм щIэщыгъуэ зэращыхуэрэ шэч хэлъкъым. Журналым и зи чэзу къыдэкIыгъуэр зэхуещIыж Мыз Ахьмэд и псалъэзэблэдзымкIэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Нэщ1 мазэм зэпагъэу

● Футбол

Нэщ1 езыхьэкI куэд командэхэм зэрахэтым къыхэкIыу, илъэс етIуанэ хъуауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ чемпионатыр Рамэзан мазэм зэпагъэу. Абы и пэ хьихуэ джэгугъуэм и ужькIэ зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдащ Къэхъун и «Керт»-м.

МЫГЪЭРЕЙ зэпеуэ псоми щытекIуа къэхъундэсхэм зэIущIэ гугъу ящащIэщыIэт Налшык. Абы щыIущIэн хуейт зэхьэзэхуэр хъарзынэу езыгъэжьа «Спартак-Д»-м. Джэгур уДзэшьхьыщ икIи гуащIэу екIуэкIащ. Абы щытекIуэри, «Керт»-м зы мазэкIэ бжьыпэр иубыдащ. Нэщ1ныкъ хьидым и ужькIэ, мэкъуэгуэгъуэм и 5-м, Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым щIидзэжыну араща.

Куэдым хуамыгъэфэщащэ, «Автозапчасть»-р и стадионым «щIалъэрэрэщащ». Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионэр Бахъсэн щапэлъэщащ Испаемей куаажм къикIахэм. Иджы ахэр зэмыса етIуанэ уВэпIэм къыщыхутащ.

Мы гъэм гуп нэхъыщхьэм къыхьыжа Прохладнэ и «Энергетик»-м кьыдэщIхэр игъэгуфIэ зэпытщ. Иужьу абы и стадионым щыхигъэщIащ Нарткъалэ и «Нартыр» икIи ещанэ уВэпIэм зыщIигъэбдащ.

Тэрч кьалэм топ пщыкIутI къыщыхудагъэкIауэ къэзыгъэзэжа «Псыкуэдым» и губжьыр «ХьэтIохъущыкIуэйм» трикъутащ. Псыкуэдэсхэм мы гъэм ар я апэ текIуэныгъэщ.

Иужь уВэпIэр ибгынащ «Къундетеймэ». Мыгъэрей къыщыщэщIикъуащ усакIуэм и «Хьэуа Іубыгъуэ» япэ усэ тхыльым ихуа сатырхэм гъащIэм и плъыфэ куэд зэрыщIэзэхуэхэнар, гурыщIэр зэрыщытепщэр, хъэтI щхьэхуэ зэрИIэжыр, сатыритIу, сатырищу зэхэт строфакIэ тха усэхэр е зы едзыгъуэ фIэкIа мыхъу усэ кIэщIхэр и Іэдакъэ къыIэрыщIэкIар, бзэм и Іэмал зэмылIэужьыгъэхэуэ и усэгъэм къызэрыщигъэсэбэпыр, усэ хуэмыхэр зэззэмызэ къызэрыхэхуэр, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэуэ тхыгъэм къыщыхигъэбелджылыкIащ Гугъэтыр прозэкIэ тха усэхэми зэрыхуэмыхамэр. Іыхьэр зэхуещIыж Заремэ и усэ зыбжанэрэ прозэу тха и усэхэмкIэ.

«Публицистикэ» Іыхьэм ихуащ Къумахуэ Асльэн и «Адыгэ лъагъуэжьхэмкIэ», Къэрмокъуэ Хьэмид и «ПIэщIыгъуэхэм я лъужь» тхыгъэ гъэщIагъэнэжьр. Къумахуэм и лжьыгъэм дыщыхегъэгъуазэ Кавказым и кьухьэпIэм и щIыуэпсым и кьулеягъэм, Адыгейм и ипщэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ къуэладжэхэм, бгыхэм, псыхуэхэм я дахагъэм. Къэрмокъуэ Хьэмид и тхыгъэм ипэщIыкIэ пхъэкIэн пасэрей адыгэ джэгукIэхэр дигу кьыщегъэкIыжри, Іуэрыlуатэм и лъахэм «дыщегъэхьэщIэ», абы и напэкIуэцIхэм щыщ хъыбар хьэлэмэтхэр къытхуеIуэтэж, эпосым дызыщрихьэлIэ Іуэхугъуэхэм, къэхутэныгъэ купщIафIэхэм я гугъу кьытхуещI.

«Культурэ» Іыхьэм фыкъыщеджж Нэщ1эныджж Замирэ УФ-м, Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я цIыхубэ артист, Урысей псом щыцIэрыIуэ композитор Нэхей Асльэн и ныбжьыр илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлIу дригъэкIуэкIа «Сэ макъамэр сытым дежи си псэм хэльщ» интервьюм.

Театрым и илъэсым хьихьу, Хьэвжокъуэ Людмилэ Хьэхъуапащ1э ФатIимэ дригъэкIуэкIа «Адыгэ театрым и вагъуэщIэ цIыкIу» интервьюм къыщыфщIэну Іэмал фиIэщ цIыхубэм ягу дихьэу утыкум щыджэгу артисткэ пажэм хэль Іэзагъэм и щхьэхэм я кIапэльапэм щыщIащ.

«ЕгъэджэныгъэщI. Гъэсэныгъэ» Іыхьэм Истэпан Залинэ и «Зи Іэщ1агъэм къыхуигъэщIа» тхыгъэм щытопсэльыхь Урыху дзт етIуанэ курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Мэрзей-Нот Зое и гуащIэм, гукIи псэкIи къыхихьа Іэщ1агъэм фIэфIу зэририлажьэм, лъэпкъыбзэм пщIэ зэрыхуищIым, и лжьэгъуэхэми гъэсэнхэми бгъэдыхьэкIэ щыхьхуэ къаззрыхуигъэтыфым, нэгъуэщIхэми.

«Іуэрыlуатэ» Іыхьэм хагъэхьащ нарт Шукlасэ и хъыбархэм щыщ зыбжанэ. Сабийхэм папщIэ къыдэкIыгъэм ихуащ щыгъэблэ куэд зыщIапIыкIа франджы тхакIуэ Перро Шарль и таурыхъ хьэлэмэтхэр. «ПIыIэ плъыжь щыкIу», «Шырыкъу зыльыгъ джэду» таурыхъэр щыкIуэхэм щIэщыгъуэ зэращыхуэрэ шэч хэлъкъым. Журналым и зи чэзу къыдэкIыгъуэр зэхуещIыж Мыз Ахьмэд и псалъэзэблэдзымкIэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Щ1эныгъэ

Цlыхухэмрэ роботхэмрэ

Урысей Іэщ1агъэлIэм къагупсысащ «антропоморфный робот» зыфIащар. И теплъэкIэ ар щIалэщIэщ, зэкIужщ, и нэпкъ-пэпкъыр цIыхум ейм хуэдабзэщ, ущепсальэкIэ и нэгум къощ жьиIэр зэрызыхущIэр.

МЫПХУЭДЭ роботхэр цIыхухэм я пIэкIэ щыIэжьэфынущ пощтхэм, банкхэм, муниципальнэ Іуэхуащ1апIэхэм. «Дэ шэч къытехъьэркъым цIыхум ещхьыдыдэу робот зэрытхуэщIынум. Уеблэмэ цIыхумрэ роботымрэ яхуэзэхэмыхуу хъунущ», - жеIэ «Промобот» Іуэхущ1апIэм и директорхэм я советым и унафэщI Южаков Алексей.

ГуманоидкIэ зэддж роботхэр куэд щIащ зэрыщыIэрэ, ауэ ахэр цIыхум ещхькъым. Иджы тхуэзэгъэмыкIыу зэщхь хъуну жаIэ. ЩIэныгъэлIхэм гугъуэхь куэд къызэранэкIащ роботым и фэр цIыхуфэм ещхьыркъабзэ ящIын папщIэ. Псом хуэмыдэу мыбы хуэIэзэ хъуащ Япониер. 2014 гъэм Осакэ къалэм и университетым и профессор Исигурэ Хироси ищIат телетнэтынхэр езыгъэкIуэкI пащщ.

Роботхэр театрхэм (Токио щагъэлъэгъуагъэхэращ робот зыхэта спектакль), университетхэм щылэжьэнущ. Псалъэм папщIэ, Аалборг университетым (Дание) и профессор Шарфе Хенрик езым ещхьу робот ищIащ. Ар лекцэ къоджэф, уеблэмэ къемыдалуэ студентхэм яхуогубжь.

Псом хуэмыдэу роботхэр куэду къыщыгъэсэбэп промышленностым. 2018 гъэм Урысейм апхуэдэ робот щащар процент 21-кIэ хэхъуащ (сом меларди 2,5-рэ и уасэ).

Автомобиль щащI заводэхэращ робот нэхъыбэу къызыщагъэсэбэпыр (мы зэманым робот мини 5 мэлажьэхэ). КъищынэмыщIауэ, машинащI, металлургие, измиев промышленностым щIэупщIэшхэ щагъэIэщ.

Роботхэм цIыхухэр лэжьапIэншэу къагъэнэну жызыIи абы иригузаи щыIэщ. Ауэ щIэныгъэлIхэм ар ядэркъым, зы Іэщ1агъэ гуэрым щIэупщIэ имыIэжу хъуми, нэгъуэщI къоунэжу, жаIэри.



Москва и налкъут

● Узынш1агъэ

Дохутырхэр къывэджэнущ

Мы гъэм къуриубыдэу цIыху мелуан 62-м я узыншагъэр къащIытэнущ. Урысейм диспансеризацэ жьхуаIэм теухуауэ ягъэбелджыла Іуэхуэхэм хиубыдэу. Вице-премьер Голиковэ Татьянэ зэрыжиIамкIэ, 2020 - 2021 гъэхэм зы щIыхуи къагъэнэнукъым абы къызэщIрамыгъэубыдауэ.

МЫХЬЭНЭШХУЭ зиIэ а лэжьыгъэр зэрекIуэкIынум теухуа зэIущIэм узыншагъэр хъумэныкIэ министр Скворцовэ Вероникэ щыжиIащ ди цIыхухэр нэхъ гъэщIэ кIыхь зэрыхъэр (2018 гъэм ику иту цIыхур псэуащ илъэс 72,9-рэ). Цlыхур щIылэжьэф ныбжьым иту дунейм ехьжжэр нэхъ мащIэ хъуащ. УзыгъэгуфIэщ фадэм игъэлIэжэн я бжьгъэм зэрыхэщIари. ЩIыIэщ нэгъуэщI ехъулIэныгъэхэри, ауэ щIэн хуейр нэхъыбзэкIщ.

ЗэрыжьитIащи, илъэситI гъунэгъуэм псоми я узыншагъэр къащIытэнущ, узыфэхэр зыхуэзэр, сымаджэжэм текIуэдэну мыпхъор ягъэбелджылын папщIэ, щIэ кIыхь зэрыхъэр (2018 гъэм ику иту цIыхур псэуащ щхьэкIэ, хэгъэгухэм унафэ къыщащIэн хуейщ дохутырхэр пщыхьэщхьэм, щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ лэжьэныгъэ теухуауэ. ЗэрыгурыIуэгъэщи, зэрызлэжьам теухуэ улахуи иратынущ.

Узыншагъэр къащIапщытэкIэ, цIыхум лыих зэрыфэ пкърыт-пкърымытыр зрагъэщIэнущ, медицинэм иджы иIэ зэфIэкIыр къаГъэсэбэпэу. Ди къэралым иджы апэ дыдэу щаубла Іуэхущ ар, цIыхум уз гъэтIылъа имыIэныкIэ нэхъ Іэмалыф1 къэгъуэтыгъуейуэ.

Хамэ къэрал нэхъ зызыужьахэм гъэ къэс къыщащIыпэ цIыхухэм я узыншагъэр. Ар и чэзум зэфIэфIагъэкIамэ, иужькIэ дохутыр ухуей хъумэ, ущIэнщIэу къэIэзэнущ. Диспансеризацэр къыпфlэмыIуэхуамэ, зыгуэр къэхъу хъужькIыхъумэ, зыбгъэхъужьыным текIуэдэнур уи жып къыпхынущ.

Ди къэралми апхуэдэ хабзэ къыщащIатмэ, цIыхухэм я узыншагъэр нэхъ къафIэIуэхунт.

Скворцовэ Вероникэ зэIущIэм щыжиIам щхьэхуэу къыхэкIгъэщ зыунущ къуажэхэм амбулаторэхэмрэ ФАП-хэмрэ къызэрыщIэзэIуахьыжьынущ, дохутырхэм я щIэныгъэм хагъэхьуэну Іэмал зэрыратынур.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жьлаев Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эныджж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щ1хьэщэмыщ1 Иэ.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ и Правительствомрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жьлагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэныкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэ тхыгъэхэм щыщыуа бжьыгъэхэм, къыщалэта Іуэхутыгъэхэм я пэжагъыкIэ аэрэ зытхахэм иэу жэуап яз. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткIым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъ щ1ЫрКъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыкъэгъазэм и 19-м Печатным и хутыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту яхтащ.

Зы илъэсым тезгъэр 156-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактор* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щ1ОДЖЭН Иннэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Щ1ОДЖЭН Заирэ** *(4, 5, 6-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.**. *КомпьютеркIэ газетым и тепщэгъэ яцIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзэр сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.210 ● Заказ №411